Къэрал псоми я пролетархэ, фызэгухьэ!

Ленин гъуэгу

Ленинский путь

ГАЗЕТЫР 1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

КПСС-м И КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР ОБКОМЫМ, КъБАССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ, МИНИСТРХЭМ Я СОВЕТЫМ Я ОРГАН

ОРГАН КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОГО ОБЛАСТНОГО КОМИТЕТА КПСС, ВЕРХОВНОГО СОВЕТА И СОВЕТА МИНИСТРОВ КБАССР

№ 80 (16.971).

1990 ГЪЭМ АПРЕЛЫМ И 24, ГЪУБЖ

Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI

И уасэр кIэпIейкIи 3-щ.

КПСС-м и ЦК-м и Политбюром

КПСС-м и ЦК-м и членхэм, парт комитетхэм ечанджэща нэужь партым и XXVIII съездым зыхуэгъэхьазырыным теухуауэ КПСС-м и Центральнэ Комитетым и комиссэ къызэрагъэпэщащ.

Комиссэм хагъэхьахэщ партым и центральнэ орган хаххэм я член, КПСС-м къыхэкIыу СССР-м и цIыхубэ депутат зыбжанэ, союзнэ республикэхэм я компартхэм я ЦК-м я секретархэр, апхуэдэуи партым и райком, обком зыныкъуэхэм я япэ секретархэр. Комиссэм хэтхэщ партым и къалэ, район комитетхэм, пэшIэдэ парт организацэхэм я секретарь гупышхуэ, еджагъэшхуэ — обществоведхэр.

КПСС-м и XXVIII съездым и делегатхэр комиссэм и лэжьыгъэм къыхащэкIэ-ра, абы хэтхэм я бжыгъэр нэхъыбэ ящIыну я мурадщ.

СССР-м и СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ И СЕССИЕМ

ТАСС-м и парламентскэ корреспондентхэм кIат

Мазэм наблагъэкIэ депутатхэм «Унэ лэжьыгъэ» щагъэзэщIащ комитетхэмрэ комиссэхэмрэ. Налогхэм теухуа законопроектым елэжьурэ, апрелым и 23-м етIуанэ къеджэгъуэу тепсэлъыхьыпащIэ ахэр къыщыхалъхьащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ещанэ сессием. ЦIыхубэ депутатхэм я тхьэмахуэ зэхуаку лэжьэгъуэр зэпыкъуэкъукIэ къыщыщIадзащ ЛъэпкъхэмкIэ Советым.

«СССР-м и цIыхухэм, нэгъуэщI къэрал цIыхухэм, гражданствэ зимыIэ цIыхухэм ирагъэт подоходнэ налогым и IуэхукIэ». щIэуэ зэхалъхьа законопроектым сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр иратрэ? А упщIэм жэуап иритащ Плановэ, бюджетно-финансовэ комиссэм и член В. А. Губаревым. Хэхъуэ мащIэ фIэкI къызыIэрымыхьэ цIыхухэм папщIэ лъабжьэ зиIэ социальнэ ефIэкIыныгъэхэм зыкъомкIэ зрагъэубгъуащ. ДэпэкIэ налог тралъхьэжыныкъым мазэм хуэзэу тумэнипщI нэхъыбэ зи лажьапщIэр мыхъухэм. ТумэнипщIрэ зы сомым къыщыщIадзауэ тумэн пщыкIутхум нэс зи лэжьапщIэхэм налогыу ятехьэр зыкъомкIэ ягъэмащIэну ягъэув. Апхуэдэ ефIэкIыныгъэхэр ялъэIэсыныщ гущIэгъупсэу медуан 40-м нэблагъэм. Абыхэм къаIэрыхьэ хэхъуэхэр сом меларди 2,4-кIэ нэхъыбэ хъунущ.

Налог тралъхьэжынукъым анэ-лIыхъужьхэм. Блокадэм я зэманым Ленинград къалэм щылэжьа цIыхухэм ятехьэ налогыр процент 30-кIэ ягъэмащIэнущ. Къэпсалъэр къытеувыIащ гущIэгъупсэухэм ящыщ нэгъуэщI гупхэу апхуэдэ ефIэкIыныгъэхэр зылъытагъэсын хуейуэ къалъытэхэм. Псалъэм папщIэ, къызэрагъэпащу илъэситI дэкIыхукIэ мэкъумэшыщIэ хозяйствэхэм хэтхэм налогыр щхьэщэх. Международнэ, союзпсо, республиканскэ конкурсхэм, зэхъэзэхуэхэм къыщрата саугъэтхэм налог хагъэкIынукъым. Зыгуэрхэм кърат ахъшэхэм налог зыщыхамыгъэкI гущIэгъуэлы фондхэр зыкъомкIэ нэхъыбэ ящIащ. ЦIыхум хэхъуэу къыIэрыхьэр зыхуэдизыр къыщыгъэлъэгъуа декларацэ финансовэ органхэм я пащхьэ нэмыльхъэхэм экономическэ къуэды ятелъхьэн хуейуэ ягъэуващ.

А Iуэхугъуэхэр къащтэнрэ къамыщтэнрэ зэманым кIигъэлъэгъуэнщ.

Сессием и лэжьыгъэм пещэ.

РСФСР-м И ЦIЫХУБЭ ДЕПУТАТ ХЭХЫНЫМКIЭ

АРУАН ЛЪЭПКЪ-ЩIЫНАЛЪЭ ХЭХЫПIЭ ОКРУГ № 99-М ЩIЕКIУЭКIА ХЭХЫНЫГЪЭХЭМ КЪАРИКIУАХЭМ Я IУЭХУКIЭ ОКРУЖНОЙ ХЭХАКIУЭ КОМИССЭМ КЪИТАР

Аруан лъэпкъ-щIыналъэ хэхыпIэ округ № 99-м Iэ зэрыщалъэтам къарикIуахэм ятеухуауэ участковэ хэхакIуэ комиссэхэм ятха протоколхэм хэплъауэ, окружной хэхакIуэ комиссэм къет:

РСФСР-м и цIыхубэ депутат хэхынымкIэ списокхэм иратхауэ щытащ цIыху 136.014-рэ. Iэ Iэтыным хэтащ цIыху 85.559-рэ, е процент 62,9-мрэ.

Зэрыхах бюллетеню мытэмэму къалъытащ 2.817-рэ. ХэхакIуэхэм Iэуэ яIэтар мыхуэдэу гуэша хъуащ:

Цыхубэ депутатхэм я кандидатхэм папщIэ Iэуэ яIэтар	Цыхубэ депутатхэм я кандидатхэр ямыдэу Iэуэ яIэтар
Цыхубэ депутатхэм я кандидатхэм папщIэ Iэуэ яIэтар	Цыхубэ депутатхэм я кандидатхэр ямыдэу Iэуэ яIэтар

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР АССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ И ЦIЫХУБЭ ДЕПУТАТХЭР ХЭХЫНЫМКIЭ ЦЕНТРАЛЬНЭ ХЭХАКIУЭ КОМИССЭМ

«Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ» КъБАССР-м и Законым и 53, 54 статьяхэм япкъ иткIэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутатхэр хэхынымкIэ Центральнэ хэхакIуэ комиссэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и цIыхубэ депутат зэщIымыIэж Лермонтовскэ хэхыпIэ округ № 17-мрэ окружной хэхакIуэ комиссэм хэхыгъэхэр щIэныкъуэкIэ къыдильэна Псэхухэ округ № 104-мрэ хэхыгъэхэр 1990 гъэм июным и 24-м щегъэжьэкIэкIын хуейуэ ягъэуващ.

КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутатхэр я хэхыпIэ округхэм къыщыгъэлъэгъуэныр 1990 гъэм майм и 10-м къыщыщIадзауэ и 18 щIэндэ екIуэкIынущ.

Центральнэ хэхакIуэ комиссэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР АССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ И ЦIЫХУБЭ ДЕПУТАТХЭМ ЯЩIЭН ПАПЩIЭ

Къэбэрдей-Балъкъэр Автономнэ Советскэ Социалистическэ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и епщIыкIутIанэ хэхыгъуэм и япэ сессием и ещанэ заседанэр 1990 гъэм майм и 10-м екIуэкIынущ. КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм зэпымыууэ иIэ комиссэхэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ещанэ заседанэм

Саугъэт лъапIэхэр

КПСС-м и Центральнэ Комитетым, СССР-м и Министрхэм я Советым даIыгъащ литературэм, искусствэм, архитектурэм я лъэныкъуэкIэ СССР-м и Ленинскэ, Къэрал саугъэтхэр тыныкIэ комитетхэу СССР-м и Министрхэм я Советым дежи щыIэхэм 1990 гъэм Ленинскэ саугъэтхэр тыным и IуэхукIэ къыхилъхьар.

Саугъэтхэр хуагъэфэщащ:

Кулиев Къайсын Шуваевичым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэм (мыпсэужу) — лъэпкъ куэду зэхэт советскэ литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам, бгъэдэлъа художественнэ Iэзагъым икIи социалистическэ обществэм и духовнэ гъащIэм цIыхубэ хабзэхэм зэрызыщригъэужьам папщIэ.

Тарковский Андрей Арсеньевичым, РСФСР-м и цIыхубэ артистым, режиссерым (мыпсэужу) — киноискусствэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам, цIыхухэм я зэхуэдэ лъапIэныгъэр, цIыхугъэм и идеехэр хэпщэным сэбэп хуэхъуу Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэ зыхэлъ произведенэхэр и Iэдакъэ къызэрыщIэкIам папщIэ.



КУЛИЕВ КЪАЙСЫН.

ЛЭЖЬЫГЪЭ ИНЫМ И МАХУЭ

Куэд щIауэ къэгъуэгурыкIуэ хабзэм тету, апрелым и 22-м, В. И. Ленинир къызэралъхурэ илъэси 120-рэ щрикъуа махуэм, ди къэрал псом щекIуэкIащ субботник. Я лэжьапIэ IэнатIэхэм япэрыуващ цIыху мелуанхэр, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэлъыIуахащ, ягъэкъэбзащ цIыху нэхъыбэжым.

Щэбэт махуэм абыхэм къалэжьа ахъшэр трагъэкIуэдэщущ лэжьакIуэ коллективхэм я социальнэ зыужьыныгъэм, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэIузэпэщ щIыным.

Къэралым и гуащIэрыпсэу псоми яхуэдэу, субботникым жыджэру хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэри. Абы теухуащ нобэ теддэ тхыгъэхэр.

НАЛШЫК КЪАЛЭ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуащIэрыпсэухэр ленинскэ субботникым жъыуэ хущIэтэджащ. ПщэддижыкIыным Налшык къалэдэсхэр уэрамхэм дэз къэхъуащ. Инык-куэхэр зыпэрыт IэнатIэхэм цылэжьэну кIуэрт, адрейхэр щхьэж щыпсэу, щылажьэ хъэблэхэр, пщIантIэхэр зэлъыIухыным, гъэкъэбзэным нужь итт. Псори зэхэту а махуэм субботникым цIыху мини 150-м нэс хэтащ. Абыхэм ящыщу продукцэ къэзылэжьар цIыху мини 110-м ноблагъэ. Абыхэм хъэпшып, прибор, оборудованэ зэмылIэужьыгъуэу сом мелуанитIым нэс и уасэ къыщIагъэкIащ. Ухуэныгъэ лэжьыгъэу сом мини 150-м нэс и уасэ егъэкIуэкIа хъуащ.

— Мы гъэм екIуэкIа субботникыр адрей гъэхэм щыIэхэм къазэрыщхьэщыкIыр абы цIыху нэхъыбэ зэрыхэтам и закъуэкъым, — жеIэ ар егъэкIуэкIынымкIэ къалэ штабым и Iэтащхьэ, КПСС-м и Налшык къалэ комитетым и етIуанэ секретарь Щоджэн Мухьэмэд. — Къалэдэсхэм къалэжьащ сом мелуаным ноблагъэ, ар псори езы Налшык къыхуоижк. Нэхъыбэр узыншагъэр хъумэнымкIэ фондым, гущIэгъу фондым кIуэнущ.

Къалэм и Ленинскэ районым хеубыдэ Союзпсо курортыр, мэкъумэш хозяйствэм елэжь хозяйствэхэр. Ди курортыр нэхъри дахэ, зэIуэпэщ щIыным нужь итащ езым щылажьэхэм я мызакъуэу зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуахэри. «Налшык», «Кэнжэ», «Белореченский» совхозхэм губгъуэ лажьыгъэхэр щекIуэкIащ. Субботникым жыджэру хэтащ районым и предприятэ пашэхэр — «Тезмеханизатор» полупроводник приборхэр, «Друзба» трикотаж комбинатыр, дэрбэр объединенер, зэгъэузщIэхэри.

Налшык и промышленнэ предприятэхэм я нэхъыбэр зэщIэр, цIыху нэхъыбэ щыпсэр Октябрьскэ районырщ. А махуэм мыбы сом мелуаным щIигъу и уасэ продукцэ къэщыщIагъэкIащ. Iэнатэ «пэрыт» си къалэм щесу зэмыгъэзащIа къэгъуэтыгъуейщ. Ауэ нэхъыщхьэр ярагъэкъуэ — цIыхухэр районым и къэбзащIэ зэгухэпыным жыджэру зэрекIуэкIам.

Мы гъэм субботникым районым и гуащIэрыпсэухэр хэтащ мини 18-м щIигъу. Абыхэм ящыщу 11.200-р производствэм щылажьащ. Уэрамхэр, общественнэ щIэныгъэр зэIузэпэщ ящIащ цIыху мини 7-м. Псом хуэмыдэу жыджэрагъуэ зэрыщIар Ленинскэ комсомолым и цIыкIэ щыIэ Къэбэрдей-Балъкъэр алмаз Iэмэпсымэ заводым, автопредприятэм, Тэрч гъуэгу уэзанIуэ управленэм я коллективхэр.

Ленинскэ субботник махуэм зауэм, лэжьыгъэм я ветеранхэри, мэкъумэшыщIэхэр, Iэщыхъуэхэр, рабочэхэр, еджакIуэхэр. КъызэралъытамкIэ, ахэр цIыху мини 26-м нэблагъэу щытащ. Абыхэм щыщу цIыху мини 5,5-м нэблагъэр я лажьыгъэ IэнатIэм пэрытащ, адрейхэм къуажэхэр, IуэхущIапIэхэр зэIузэпэщ ящIащ, нэгъуэщI лажьыгъэхэр зэфIагъэкIащ. Махуэшхуэм и щIыхькIэ екIуэкIа лажьыгъэм нэхъ жыджэру хэтащ Каменкэ туф карьерым, ерыскъы комбинатым, картонажнэ фабрикэм, Щхьэлыкъуэ чырпыщ заводым, ПМК-4-м, нэгъуэщIхэми я рабочэхэр. Абыхэм псори зэхэту сом мини 55-м нэблагъэ и уасэ продукцэ ягъэхьэзыращ, цIыхухэм къагъэсэбэп хьэпшыпу куэд къыщIагъэкIащ.

ТЭРЧ РАЙОН

Владимир Ильич Лениныр къыщалъхуа махуэр лажьыгъэфIкIэ гъэлъэпIэныр хабзэ хъуащ. Апрелым и 22-м къызэрыуэкI махуэхэм зыкъомкIэ ефIэкI лажьыгъэ зэфIагъэкIащ. Тэрч районым и къэралыгъуэ-хэм, ухуэныгъэхэм хухахащ. Дауи, ар абыхэм я дежкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэщ.

Субботникым жыджэру хэтащ зауэм, лэжьыгъэм я ветеранхэри, мэкъумэшыщIэхэр, Iэщыхъуэхэр, рабочэхэр, еджакIуэхэр. КъызэралъытамкIэ, ахэр цIыху мини 26-м нэблагъэу щытащ. Абыхэм щыщу цIыху мини 5,5-м нэблагъэр я лажьыгъэ IэнатIэм пэрытащ, адрейхэм къуажэхэр, IуэхущIапIэхэр зэIузэпэщ ящIащ, нэгъуэщI лажьыгъэхэр зэфIагъэкIащ. Махуэшхуэм и щIыхькIэ екIуэкIа лажьыгъэм нэхъ жыджэру хэтащ Каменкэ туф карьерым, ерыскъы комбинатым, картонажнэ фабрикэм, Щхьэлыкъуэ чырпыщ заводым, ПМК-4-м, нэгъуэщIхэми я рабочэхэр. Абыхэм псори зэхэту сом мини 55-м нэблагъэ и уасэ продукцэ ягъэхьэзыращ, цIыхухэм къагъэсэбэп хьэпшыпу куэд къыщIагъэкIащ.

гидрометаллургическэ заводхэр, «Дружба» трикотаж комбинатыр, дэрбэзэр объединенэр, нэгъуэщIхэри.

Налшык и промышленна предприятэхэм я нэхъыбэр адэщыIэр, цIыху нэхъыбэ щыпсэур Октябрьскэ районыр. А махуэм мыбы сом мелуаным щIигъу и уасэ продукцэ къыщыщIагъэкIащ. Iэнатlэ нэрыту эи кIалэн нэсу зымыгъэзэщIа къагъуэтыгъуейщ. Ауэ нэхъыщхьэр аракъым — цIыхухэр районым и хьэблэхэр зэIузэпэщ щIыным жыджэру зэрыхэтарщ.

БАХЪСЭН РАЙОН

«Автозапчасть», «Лимб» заводхэм, щадж-цыззIуащэ объединенэм, промышленна, производственнэ комбинатхэм, мех фабрикэм, ухуакIуэ, сату организацэхэм, районым и адрей Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэр, училищэхэмрэ школхэмрэ я единакIуэхэр, районым и хозяйствохэм я механизаторхэмрэ Iэщыхъуэхэмрэ — псори зэхэту цIыху мин 40-м щIигъу лэжьащ а махуэм субботникым хэту.

Жыlэн хуейщ ахэр лэжьыгъэм нэхъ зэрегугъуар адрей махуэхэм нахърэ. Псалъэм щхьэкIэ, «Автозапчасть», «Лимб» заводхэм зы сменэм къыщалажь хабзэм фIыуэ цыщIрагъэгъуащ.

УхуакIуэхэми я лэжьыгъэм фIыуэ хагъэщIащ а махуэм — блынхэр яIэтащ, бжэ-щхьэгъубжэхэр халъхьащ, лъэгу иралъхьащ къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щаухуэ псэупIэ унэхэм, школхэм.

ЦIыху мин хэтащ къуажэ уэрамхэр, пщIантIэхэр гъэкъэбзэным. Куэншыб идзыпIэ мащIэ ягъэкъэбзэжакъым. Псом хуэмыдэу егугъуу эзIыIуахащ псыхъуэхэр, паркхэр, цIыхухэр нэхъыбэу щызэхуэс щIыпIэхэр.

Къулэкъуэжын Ипщэ, Ищхъэрэ, Зеикъуэ, Къызбруи Етlуанэ, Ещанэ къуажэхэм, адрей жылагъуэхэми щызэрагъэпэщыжащ щIымахуэм кумбIэмб хъуа гъуэгухэмрэ уэрамхэмрэ, лъэс лъагъуэхэр.

А махуэм цIыхухэм гулъытэ лей хуащIащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъхэр, зауэ гуащIэхэр щекIуэкIа щIыпIэхэм щыгъуэupa фэеплъхэр зэIузэпэщ щIыным — лъэмыIэсауэ, ямытэкъэбзауэ, къамыгъэщIэрэщIэжауэ зыри къагъэнакъым.

ШЭДЖЭМ РАЙОН

В. И. Лениныр къызэралъхурэ илъэси 120-рэ щрикъум ирихьэлIэу район Тэрч район

Владимир Ильич Лениныр къыщалъхуа махуэр лэжьыгъэфIкIэ гъэлъэпIэныр хабзэ хъуащ. Апрелым и 22-м къэралыгъэкI махуэм зыкъомкIэ ефIэкI лэжьакIэ коллективхэр Тэрч районым и лэжьакIуэ коллективхэми.

Мы гъэм субботникым районым и гуащIэрыпсэууэ хэтащ мин 18-м щIигъу. Абыхэм ящыщу 11.200-р производствэм щылажьащ. Уэрамхэр, общественнэ щIыпIэхэр зэIузэпэщ ящIащ цIыху мини 7-м.Псом хуэмыдэу жыджэрагъ яхэлъу лэжьащ Ленинскэ комсомолым и цIэкIэ щыIэ Къэбэрдей-Балъкъэр алмаз Iэмэпсымэ заводым, автопредприятэм, Тэрч гъэзэгу ухуакIуэ управленэм я коллективхэр.

Ленинскэ субботник махуэшхуэм ухуакIуэ организацэхэм я коллективхэм, ухуэныгъэ-монтаж лэжьыгъуэ сом мини 32-рэ и уасэ зэфIагъэкIащ. Алмаз Iэмэпсымэ заводым и лэжьакIуэу субботникым хэтащ 2.090-рэ, абы щыщу 1.720-рэ я Iэнатlэм бгъэдэтащ, адрейхэм пщIантIэхэр зэIузэпэщ ящIащ. Алмазникэм а махуэм къалэжьа сом мини 110-р цIыхубэ депутатхэм я кIалэ Советым и бюджетым халъхьащ.

Колхозхэмрэ совхозхэмрэ губгъуэ лэжьыгъэхэр прагъэкIуэкIащ. Хозяйствэ псоми а махуэм сэхураныр сэным щIадзащ. Iэщыхъуэхэм ялъэкI къагъэнакъым.

Псом хуэмыдэу губгъуэ лэжьыгъэхэм щапхъэфI къыщагъэлъэгъуащ «Россия», «Хьэмидей» совхозхэм, «Заря коммунизма», «Родина» колхозхэм я механизаторхэм.

Тэрчым и гуащIэрыпсэухэм субботник махуэм къалэжьауэ районым къыщызэрагъэпэща «ГущIэгъу» фондым халъхьащ сом мини 32-рэ.

(КIэухыр 2-нэ напэм).

РСФСР-м И ЦIЫХУБЭ ДЕПУТАТ ХЭХЫНЫМКIЭ

АРУАН ЛЪЭПКЪ-ЩIЫНАЛЪЭ ХЭХЫПIЭ ОКРУГ № 99-М ЩIЫГЪУ КЪАРИКIУАХЭМ Я IУЭХУКIЭ ОКРУЖНОЙ ХЭХАКIУЭ КОМИССЭМ КЪИТАР

Аруан лъэпкъ-щIыналъэ хэхыпIэ округ № 99-м Iэ зэрыщаIэтам къарикIуахэм ятеухуауэ участковэ хэхакIуэ комиссэхэм ятха протоколхэм хэплъауэ, округной хэхакIуэ комиссэм къет:

РСФСР-м и цIыхубэ депутат хэхынымкIэ списокэхэм иратхауэ щытащ цIыху 136.014-рэ, Iэ Iэтыным хэтащ цIыху 85.559-рэ, е процент 62,9-мрэ.

Зэрыхах бюллетень мытэмэму къалъытащ 2.817-рэ. ХэхакIуэхэм Iэуэ яIэтар мыпхуэдэу гуэша хъуащ:

ЦIыхубэ депутатхэм я кандидатхэм я унэцIэр, цIэр, адэцIэр	ЦIыхубэ депутатхэм я кандидатхэм папщIэ Iэуэ яIэтар		ЦIыхубэ депутатхэм я кандидатхэр ямыдэу Iэуэ яIэтар	
	псори	проц.	псори	проц.
Ахметов Аяраталий Ноховичым	18089	21,1	64653	75,6
Аттаев Анатолий Мухажирович	2351	2,7	80391	93,9
Батырбеков Ахмат Магомедович	15362	17,9	67380	78,8
Гуртуев Салих Султанбекович	3753	4,4	78989	92,3
Кабардиков Махти Якубович	10651	12,4	72091	84,3
Кучмезов Мухарбек Бибердович	3651	4,3	79091	92,4
Хутуева Светланэ Ханафиевнэ	14153	16,5	68589	80,2
Энеев Хъусей Идрисович	10856	12,7	71886	84,0

Мы хэхыпIэ округым зы кандидатми хэхакIуэхэм я зэхуэдитIым щIигъум Iэ щыхуаIэтакъым икIи зыри депутату хахакъым.

«РСФСР-м и цIыхубэ депутатхэр хэхыным и Iуэхукlэ» РСФСР-м и Законым и статья 52-м ипкъ иткIэ округым щIэрыщIэу хэхыныгъэхэр щрагъэкIуэкIыжынущ Iэ нэхъыбэ зыхуаIэта кандидатитIым щхьэкIэ.

Округной хэхакIуэ комиссэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР АССР-М И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ И ЦЫХУБЭ ДЕПУТАТХЭР ХЭХЫНЫМКIЭ ЦЕНТРАЛЬНЭ ХЭХАКIУЭ КОМИССЭМ

«Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутатхэр хэтыным и Iуэхукlэ» КъБАССР-м и Законым и 53, 54 статьэхэм ямкIэ иткIэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутатхэр хэхыным и Центральнэ хэхакIуэ комиссэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и цIыхубэ депутат зэпымыIэж Лермонтовскэ округ № 17-мрэ округнэ хэхакIуэ комиссэ хэхыныгъэхэр щемыкIуэкIауэ къэтхьа Псыбэ-Хъэблэ округ № 104-мрэ хэхыныгъэхэр 1990 гъэм июным и 24-м щегъэкIуэкIын хуейуэ игъэуващ.

КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутатхэр а хэхыпIэ округхэм къыщыгъэлъэгъуэнур 1990 гъэм майм и 10-м къыщыщIэдзауэ и 18 пщIондэ екIуэкIынущ.

Центральнэ хэхакIуэ комиссэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР АССР-М И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ И ЦЫХУБЭ ДЕПУТАТХЭМ ЯЩIЭН ПАПЩIЭ

Къэбэрдей-Балъкъэр Автономнэ Советскэ Социалистическэ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и епщыкIутIанэ хэхыгъуэм и япэ сессием и ещанэ заседанэр 1990 гъэм майм и 10-м екIуэкIынущ. КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм зэпымыууэ иIэ комиссэхэм пащэ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ещанэ заседанэм къыщаIэтыну Iуэхугъуэхэм хэплъэныр.



КУЛИЕВ КЪАИСЫН.

МОСКВА КЪЭКIУАЩ

Советскэ правительствэм кърагъэблагъэуэ апрелым и 23-м Iуэху и пщэ дэлъу Москва кlэкIуащ КПК-м и ЦК-м и Политбюром зэпымыууэ щыIэ и комитетым хэт, КНР-м и Къэрал советым и премьер Ли Пэн.

Аэродромым Ли Пэн щыIущIахэщ КПСС-м и ЦК-м и Политбюром хэт, СССР-м и Министрхэм я Советым и Председатель Н. И. Рыжков, КПСС-м и ЦК-м и Политбюром хэт, СССР-м нэгъуэщI къэрал Iуэхухэмкlэ и министр Э. А. Шеварднадзе, къулыкъушхуэ зезыхьэ нэгъуэщI цIыхухэр.

(ТАСС).

ПСЫР ЯЩАЩ КЪЭКIУАЩ

Ди щIыналъэм и щIыпIэ куэдым псы хущхъуэ къыщыщIож. Абы мин бжыгъэкIэ ди деж къыщызэхуешэ зи узыншагъэр езыгъэфIэкIуэну хуейхэр. Абыкlи дыарэзыщ, цIыху мыузыншэхэм уадэIэпыкъуни хъарзынэщ. Ауэ дэ, мы щIыпIэм щыпсэууэ, а псы хущхъуэхэр зи щыналъэм къыщыщIэжхэм абы къыпах фейдэшхуэм и зы Iыхьэ тхуэфащэкъэ? Жысlэну сызыхуейр а псы хущхъуэхэр нэхъыбэм егупсысауэ къызэрамыгъэсэбэпырщ, абы и гъунэгъуу щыпсэухэм апхуэдэ псыхэм Iухьэпlэ зэрамыгъуэтыжырщ.

Щапхъэ щхьэкIэ жыжьэ сынэсынукъым. Аушыджэр къуажапщэм илъэс 30-м нэсауэ къыщIэж псы пщтырыр къэсщтэнщ. Ар зэгуэр къэхутакIуэхэм щIыр зыдаубрум къыщиудауэ иджыри къэс къыщIож.

А псыр узыфэ куэдым я хущхъуэгъуэу къызэралъытэрэ куэд щIа пэтми, ар цIыхухэм сэбэп яхуэхъуным, фейдэ гуэри къыпахыным егупсысын иджыри къэс къыкъуэкIакъым.

Иужь зэманым цIыхухэм хуитыныгъэ куэд къазэрыхулъыкъуэкIыжам псори дыщыгъуазэщ. Илъэс зыщыплI и пэкIэ пщIыхьэпIэу дымылъагъуу щыта куэдым нобэ зеппщыт мэхъу. Арати, совхозым и унафэщIу Бэрэгъуэ Владимир щыту къуажэ псор зэрыгушхуэ псыр ищэри ежьэжащ. Къуажэ Советми а Iуэхур имылъагъу нэпцI зищIащ.

Псы хущхъуэр зыIэрыхьахэм зы дакъикьи пщIэншэу ягъэкIуэдакъым — псым тращIыхь унэ дэгъуэшхуэр мыгувэу яухыщущ.

Сыт хуэдэ фейдэ къуажэм иIэну иджы? Бэрэгъуныр а Iуэхум щхьэзыфIэфIу бгъэдэмыхьэу къуажэдэсхэм щхьэ емычэнджэщарэ? Ар къызогъанэри, псыр ищэн хуей щхьэ хъуа? Езы совхозым унэ тращIыхьрэ фейдэ гуэр къыпихамэ, къуажэдэсхэм я Iупэ Iуиудыну пIэрэт?

Мис апхуэдэ ныкъусаныгъэ куэд щыIэщ Аушыджэр къуажэм.

Къуажэ Советым и унафэщI Къардэным, шэнт щаоэм зэрисым нэхъыщхьэ зымылэжьу жыхуаIэм, зыри имылъагъу хуэдэщ.

ХЪАРЗЫНЭ Жангулэз.

Налшык къ.

СИ НЭМ НЭХУ ИЛЪАГЪУЖАЩ

«Дэ узыр зымыгъэвам узыр зищIэркъым», — жаIэ. Пэж дыдэу, къэзгъэщIам къызэуа псор сищIэгъэгъупщэжат абы. Дунейр къыстеункIыфIауэ къыспцыхъурт, зы Iуэху сигу хыхьэртэкъым, сымаджэщыр гъунэгъу пэтми, дохутырым нэхъ Iейжу сыщыпынэрти, сыкIуэну сытегушхуэртэкъым. Ауэ схуэзэфIэмыкIыж щыхъум, сыт сщIэнт, сыкIуащ.

Щокъуий Сэ1ибат, Къулэкъужын Ищхъэрэ сымаджэщым дэ дохутыру щылажьэр, къыспежьэри, а шэнт «емынэм» сытригъэтIысхьащ. А махуэм етIуанэу сыкъалъхужауэ собж, си нэм нэху илъагъужат. Ар зи фIыщIэр Сэ1ибатрэ медсестра Пщыхьэщlэ Лидэрэщи, фи газетымкIэ фыскуехъуэхъуэу я гуапэ фщIыну сыныволъэIу.

А цIыхубзитIри ди къуажэ щопсэу икIи щолажьэ. TIури адыгэ унагъуэ нэсым къыхэкIащ. Езыхэри быунагъуэ хъужауэ пщIэрэ нэмысрэ яIэу мэпсэу, я лэжьыгъэкIи, я цIыху хэтыкIэкIи губгъэн къамыхьу илъэс зыбжанэ щIауэ я Iэнатlэ пэрытщ.

Сэри ахэр зэIэза адрей псоми къабгъэдэкIыу абыхэм фIыщIэ яхуэощI. Я бынхэм куэдрэ яхуэпсэуну, дэри ди гугъуехь тщхьэщахыфу куэдрэ къытхэтыну ди гуапэщ.

ХЭЖЬ Тинэ,
егъэджакIуэ.

ДЭ КЪЫТХУАТХ

ГУПЫР ЗЫГЪЭГУПЫР

Бахъсэн кlалэ сымаджэщым и гинекологическэ отделенэм иджыблагъэ зэгъусэу дыщIэлъащ. Дэ сыткIи фи фIэщ тщIыну абы дызэрыщIэлъа тхьэмахуитIым дохутырхэми, медсестрахэми, зэлъыIузыххэми зэи гуныкъуэгъуэ къызэрыдамытар. Апхуэдэу цIыхуфI зощIэ щызэрихьэлIэжа гуп зэкъуат улъыхъуэкIи бгъуэтынкъым. Операцэ дащIын ипэкIи иужькIи дохутырхэу Хьэмдэхъу Свет, КIэщт Лидэ, Къарэнащэ Бэлэ, Хьэшкlул Мущтафар сымэ я нэIэ ттрагъэкIакъым. Хущхъуэхэмкlэ къызэрыдэлIалIам и закъуэкъым ахэр фIыуэ щIэтлъэгъуар. Бзэ IэфIагъкIэ, гу щабагъкIэ уи узыр пщхьэщызымыхьфын абыхэм зыри яхэткъым. А псор щыгъэтауэ, я теплъэ къудейкIэ удэзыхьэх защIэт ахэр.

А дохутыр гъуэзэджэхэм хуэфащэжат отделенэм и адрей лэжьакIуэхэри. Дигу куэдрэ илъынщ Мэремыкъуэ Розэ, отделенэм пщафIэу щыIэр. Ди шхэн къыщымыкIуэм дежи, а цIыхубз лъагъуэгъуафIэр пщэдджыжькIэ къыщытхьхьэкIэ и жагъуэ тщIын тлъэкIыртэкъым. Апхуэдэ цIыхуфI защIэ зэхуэзауэ зэрылажьэм, къызэрыщIэкIамкIэ, щхьэусыгъуэ иIэщ. А отделенэм и унафэщI КIуэкIуэ Зинэщ а псор зыгъэгупыр. Абы и цIэ зэхэзымыха щыIэн хуейкъым, фIы дыдэу къэзыцIыхухэри куэд мэхъу. ЗэрацIыхури нэгъэсауэ дохутыр-гинеколог Iэзэущ, цIыхугъэ нэс, гуапагъэ зыбгъэдалъ цIыхуущ. Зинэ зэрыдэплъеныкъым хэтщ дэтхэнэ зыри, аращ сымаджэхэри арэзы щIэхъур.

Аращи, иджыри аз къытыдогъэзэжри, дыныволъэIу зи гугъу тщIа цIыхуфIхэм я цIэ фIыкIэ фи газетым къытхутевдзэну.

КЪУЭНЫКЪУЕЙ Любэ,
ЖЫГУН Лерэ,
ДУДАР Нэкурэ.

Къалэ промкомбинатым я Iэнатlэ пэрыту щэбэтым щылэжьащ рабочэ 300-м нэблагъэ. Абыхэм сом мини 25-рэ и уасэ продукцэ къалэжьащ.

Предприятэм и коллективым зы махуэ лэжьапщIэ Налшык зэIузэпэщ щIыным хилъхьащ.

Тедыхар ЩОМАХУЭ Владимирщ.

ЛЭЖЬЫГЪЭ ИНЫМ И МАХУЭ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ напэм).

СОВЕТ РАЙОН

Къэралым, республикэм къыщыдэк дэтхэнэ Iуэхугъуэшхуэми жыджэру сыт щыгъуи хэтщ Совет районным и гуащIэрыпсэухэр. Мы махуэми тетащ ахэр я хьэлыфIым. Колхоз хэмрэ совхозхэмрэ, промышленнэ предприятэхэм я лэжьакIуэхэр езыхэр зыпэрыт IэнатIэхэм пэрыувэжащ. Уэрамхэр, гъуэгу зекIуапIэхэр, пщIантIэхэр, зэIуэзэпэщ щIыным, жыгыщIэ цIыкIухэр хэсеным цIыху 4.300-рэ елэжьащ. Абыхэм яхэтакъым а мафуэм егугъуу мылэжьа, зи нормэм щIэзымыгъэгъуа.

Псом хуэмыдэжу лэжьакIуэ нуэд пэрытащ, лэжьыгъэшхуи цIыхубзфIагъэкIащ колхозхэмрэ совхозхэмрэ. Абыхэм я лэжьакIуэхэр, колхозхэт хьэлу, жьыуэ губгъуэм ихьари жэщ къатехъуэху кIэкIакъым. Иджыри хуэдэ гъатхэ зэманым ахэр лэжьыгъэшIэ хъунт— ящIэни я гъунэжт. Районым и гъэвэ щIапIэхэр, хъупIэхэр, мэкъупIэхэр, мывалъэ защIащ. Ахэр ягъэкъэбзащ, мэкъумэщ къэкIыгъэхэр зыхащIэну хьэсэхэр жылэм хуагъэхьэзыращ, жыг хадэхэми илэжьыхьащ.

Щыгъуазэ дыззэщIамкIэ, В. И. Ленинам и щIыхькIэ екIуэкIа лэжьыгъэм цIыху мин 12 хэтащ, сом мин 13 и уасэ лэжьыгъэ зэфIагъэкIащ. Лэжьыгъэу ящIам къапэкIуа псори зэхалъхьэу районым и гуащIэрыпсэухэм езыхэм я псоныгъэм епха Iуэхугъуэ яхь зэфIэмыхьэхэу зытегущыыхьхэм трагъэкIуэдэну зэгурыIуащ.

МАЙ РАЙОН

Щабэт махуэм екIуэкIа лэжьыгъэм зыдихъуэжащ Май къалэм, Котляревскэ, Александровскэ, Нэв-Иванковкэ районым щыщ адрей жылагъуэхэм я тещIэхэм. Ауэ уэрамхэр гъэкъэбзэныкIэ, бухгалтер дошIэныкIэ зэфIэкIакIэ лэжьыгъэм и махуэшхуэм хэтхэ ящIэр. Лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIам заводхэм, предприятэхэм, колхозхэм, совхозхэм, организацэхэм, учреждениехэм я мафуэм.

Къэбгъэлъагъуэмэ, промышленнэ продукцIу сом мини 120-рэ и уасэ къыщIагъэкIыну къалэн зыщащIыкIэу цытащ а махуэм. Ихьи ар арагъэхъулIащ. Къыкъэнэныкъэм щыщ «Севкавреактив» заводым и лэжьакIуэхэр.

Къэбгъэлъагъуэмэ, промышленнэ продукцIу сом мини 120-рэ и уасэ къыщIагъэкIыну къалэн зыщащIыкIэу цытащ а махуэм. Ихьи ар арагъэхъулIащ. Къыкъэнэныкъэм щыщ «Севкавреактив» заводым и лэжьакIуэхэр.

Хуэмыхуэныкъуэ Iэнатэхэр, механизаторхэри. Абыхэм а махуэм щэуэ тонн 55-рэ къащIащ, гектар 600-м гъатхэ къэкIыгъэхэм я жылэхэр трасащ. Iэнатэ парымыта гуащIэрыпсэухэм, унэгуащэхэм, пенсионерхэм жыгыщIэу мин 12 ягъэтIысащ.

Ленинскэ субботникым кIуру нэхъыбэ езыхьэлIахэм ящыщ Дзэлыкъуэкъуанэ щыIэ производственнэ комбинатыр, гъуэщIым щIагъэуIуащ а Iуэхущхуэм. Сабий джэгупIэхэр яухуащ. Зэрыщыту къапщтамэ, ТВМК-м къалэм и бюджетым хилъхьащ сом минибгъум щIигъу.

Субботникыр зэфIэкIащ, арщхьакIэ къалэдэсхэм мурад ящIащ зыщIадза лэжьыгъэр ямыгъэуIыну. Май мазэр ихухьу абыхэм езыхэм я къалэр ягъэщIэрэщIэнуш, сабий джэгупIэхэр ядуду ящIынуш.

Сом мин 24-рэ — псори зэхэту анхуэдиз ахъщэ къалэ бюджетым хилъхьащ Тырныауз и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ.

АРУАН РАЙОН

— Ди лэжьакIуэхэм нобэ я Iэнатlэ нэхъыщхьэу щытыр лъхуанIэ унэ ухуэныгъэ, — къыдэкIащ СУ-13-м и начальникIэу Къамбачокъуэ Сунафэ. — Ар мы кварталым ттыни хуейщи, нэхъ ди нэIэ тедгъэтIи. Къищынэмыщlагъуэ, дыщолажьэ фэтэр 45-рэ хъууэ «Телеавтоматика» заводым хуэтщI унэм, нэгъуэщI объектхэми.

Жыджэру лэжьащ нэгъуэщI ухуакIуэ коллективхэри. Къэбгъэлъагъуэмэ, сом мини 5 и уасэ ухуэныгъэ лэжьыгъэ зэфIагъэкIащ СУ-7-м и лэжьакIуэхэм, сом мини 6,5-рэ и уасэ — ПМК-3-м щылэжьахэм. Псори зэхэту ухуакIуэхэм ягъэзащIащ сом мини 38-рэ и уасэ ухуэныгъэ лэжьыгъэ.

Лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ Нарткъалэ, Фабрикэхэм, заводхэм щылажьэхэм къалэн зыщащIыкIат продукцIу сом мини 102-рэ и уасэ къыщIагъэкIынуи, ар ягъэзэщIащ щIыхь пылъу. Къапщтэмэ, «Телеавтоматика» заводым а махуэм зригъэгъуэта хэхъуэм щыщу сом мини 3 субботникым и фондым хилъхьащ. Хэхъуэм, цIыхухэм я лэжьапщIэм къыхэкIыу сом мини 3,6-рэ халъхьащ производственнэ комбинатым и лэжьакIуэхэми.

Псом хуэмыдэу лэжьыгъэр щыщIэгъэхуэбжьауэ щытащ ухуакIуэ объектхэм, мин 40-м щIигъу хэтащ. Промышленнэ предприятэхэм, ухуакIуэ, транспорт, нэгъуэщI организацэхэм цIыху мин 20-м щIигъу цылэжьащ.

Районым и къуажэхэм, абыхэм щыIэхэт колхозхэмрэ совхозхэмрэ субботник махуэм гъатхэ лэжьыгъэ куэд щрагъэкIуэкIащ. Мэкъумэщыщlэхэм, механизаторхэм я нэхъыбэм жылэ ясащ, къэкIыгъэхэм кIэлъыплъащ. Iэщыхъуэхэм псэуалъхьэ зэрагъэпэщыжащ.

Уэрамхэр, щIапIэхэр, площадкэр, нэгъуэщI Iуэхущlапlэхэр зэлъыIухыным, гъэкъэбзэным, цыхуей щIыпIэхэм жыгыщIэхэр, кустарникхэр, удз гъатхэхэр щыхэсым, тхылъымпIэжьхэр, гъуэщIыкIэхэр зэхуэхьэсым хуэунэтIауэ школакIуэхэм, студентхэм, къалэ, районым и Советхэм я депутатхэм, общественникхэм, партие организацэхэм я активистхэм, ветеранхэм, пенсионерхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, Абыхэм хуэдэ къэралыгъуэ зэгурыIуэныгъэ, зэгъусэныгъэ, зэгурыIуэныгъэ щыIэ зэпытым ухуакIуэхэм я лэжьыгъэр ягъэкIуэдащ.

ПРОХЛАДНЭ РАЙОН

Къэралым, ди республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэщхуэ псоми Прохладнэ районым и гуащIэрыпсэухэр сыт щыгъуи жыджэру хэтщ. В. И. Лениныр къызэралъхурэ илъэси 120-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ апрелым и 21-м прагъэкIуэкIа коммунистическэ субботникми абыхэм жэрдэм, жыджэрагъ къыщагъэлъэгъуащ.

Коммунистическэ субботникым къалэм, районым и къуажэхэм щыпсэууэ цIыху тещIыхьа плановэ заданэхэр зэфIагъэкIын папщIэ Iэмалхэр къызэрагъэпэщын я лъэныкъуэкIэ зыхуеину Iуэхугъуэхэр ягъэзэщIэну. Абы «Къэббалъкъмэстром», «Къэббалъкъхлебпром» ТПО-хэм, «Къэббалъкъстройматериалы» ПО-м я унафэщIхэм къалэн ящищIащ 1990 гъэм къэрал заказым хагъэхьа мыхьэнэшхуэ зиIэ промышленнэ продукцэ лIэужьыгъуэхэр къыщIэгъэкIынымкIэ заданэр фIокIыпIэ ямылIэу ягъэзэщIэныр къызэрагъэпэщыну.

КъБАССР-м и Министрхэм я Советыр подряд ухуакIуэ-монтаж объединенхэм я унафэщIхэм (ныбжьэгъухэу Попович В. И., Индрокъуэ Б. Д.), организацэ-заказчикхэм (ныбжьэгъухэу Сылтыков В. А., Абакумцев А. А.), снабженческо-сбыт организацэхэм (ныбжьэгъухэу Новиков В. В., Чым С. С.), район, къалэ исполкомхэм я унафэщIхэм ткIийуэ супщIащ 1989 гъэм я лэжьыгъэм хэлъа ныкъусаныгъэхэр критикэ зэращIам зыхуэфащэ дерсхэр къызэрыхамыхэм икIи ухуэныгъэм Iуэхур щыгъэтэмэмын папщIэ хуагъэувахэр иджыри зэрамыгъэзащIэм къыхэкIыу.

КъБАССР-м Сатумкlэ и министерствэм, Къэббалъкъпотребсоюзым хуагъэуващ щIыпIэ-щIыпIэхэм къыщахъухэм зрагъэубгъуурэ, щхьэзакъуэ лэжьыгъэм пэрыт кооперативхэмрэ цIыхухэмрэ я Iэдакъэщlэкlэр, къагъэсэбэпурэ хьэпшыпхэр нэхъыбэ зэращIын Iэмалхэр къагъуэтыну, сатум, общественнэ ерыскъым я Iуэхущlапlэхэм я лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэну, цIыхухэр махуэ къэс зыщIэупщIэ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр сату щIыпIэхэм щIэмылъынырхэхъуну.

Район, къалэ исполкомхэм къалэн щащIащ езыхэм я щIыпlапlэхэм щыIэ предприятэхэмрэ организацэхэмрэ цIыхухэм щIэкIэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ, розничнэ товарооборотымкIэ планхэр ягъэзэщIэну нэхъ ткIийуэ хуагъэувыну, хозяйствэм и кIуэцIкIэ щыIэ Iэмалхэр зэрагъэгъуэгурэ, къагъэсэбэп хьэпшыпхэм я куэдагъым хагъахъуэкIэрэ цIыхухэр нэхъыфIу арэзы ящIыну.

ЗэлъашIэ щыхэплъащ «Республикэм хореографическэ искусствэр зэрыщыгъуэзамрэ абы нэхърэ зегъэужьамрэ» зыфIаща республикэ смотр-конкурсым и Советым унафэ къищтащ «Налшык къалэм и Октябрьскэ. Ленинскэ районым и Советхэм я депутатхэм, общественникхэм, партие организацэхэм я активистхэм, ветеранхэм, пенсионерхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, Абыхэм хуэдэ къэралыгъуэ зэгурыIуэныгъэ, зэгъусэныгъэ, зэгурыIуэныгъэ щыIэ зэпытым ухуакIуэхэм я лэжьыгъэр ягъэкIуэдащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр агромелиративнэ институтым и агроэкономическэ факультетым и етIуанэ курсым щедзэ студентхэ егъэджакIуэу 300-м щIигъу хэтащ субботникым. Ахэр хэлэжьыхьащ институтым и щIыпIэр, къалэ уэрамхэр гъэкъэбзэным.

Тезыхар ЩОМАХУЭ Владимирщ.

КЪБАССР-м И МИНИСТРХЭМ Я СОВЕТЫМ

КъБАССР-м и Министрхэм я Советым зи чэзу зэIущIэ щекIуэкIащ. Абы щыхэплъащ 1990 гъэм и 1 кварталым КъБАССР-м ингуэта социальнэ-экономическэ зыужьыныгъэм пыщIа Iуэхугъуэм (доклад ящIахэщ КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Председателым и къуэдзэ, Къэрал планым и председатель М. С. Любашевскэмрэ КъБАССР-м финансхэмкIэ и министр Г. А. Боровлевэрэ). Iуэхум тепсэлъыхьащ министерствэхэм, ведомствэхэм, предприятэхэм, организацэхэм я унафэщIхэр.

Привительствэм жиIащ 1990 гъэм и япэ кварталым Iуэхум зэхъуэкIыныгъэфIэхэр зэригъуэтар и фIэщ зэрыхъур. Народнэ хозяйствэм и уплуэкIэр нэхъри егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ лэжьыпхъэхэр зэфIагъэкI, хозяйствэр экономическэ Iэмалхэм нэхъыбэу тещIыхьауэ зехьэным хуокIуэ, лэжьакIуэ коллективхэм езыхэм я Iэдакъэщlэкlэхэр зыхуэдэмкIэ яхь жэуапныгъэм хохъуэ. А псори и фIыгъэщ промышленностым лэжьыгъэм и производительностым проценти 4,2-кIэ зэрызыщIэтам, хэхъуэхэмкIэ планыр проценти 5,5-м щIигъуу гъэзэщIа зэрыхъуам. Продукцэ утыщыныкIэ зыхуагъэувыкIа къалэнхэр зэфIагъэкI. ЦIыхухэм къагъэсэбэп хьэпшыпхэр гъэхьэзырынкIэ планыр проценти 106,3-кIэ гъэзэщIа хъуащ. Розничнэ товарооборотымкIэ, цIыхухэм пщIэкIэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ планхэри зэфIагъэкIащ.

Абы къыдэкIуэу КъБАССР-м и Министрхэм я Советым ткIийуэ щытепсэлъыхьащ республикэм и цIыхубз хозяйствэм и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэ щытыкIэм. Жалащ Iуэхугъуэ язныкъуэхэмкIэ планым щыубзыхуа заданэхэр зарамыгъэзащIэфам зэрытегуэхыхьыр. Абы папщIэ ныкъусаныгъэкIэ тепсэлъыхьащ министерствэ, ведомствэ, район, къалэ исполком зыбжанэм я унафэщIхэм. Унгу тебгъахуэ мыхъуну къалъытащ лым, шэ щIамыхуэм къыхащIыкI продукцэхэм, Iэфыкlэхэм хуэдэ, ерыскъыкIэ нэхъыщхьэхуэу къалэжьым зэрыхагъахъуэ псынщIагъэр зэрехуэхар.

Правительствэм хэтхэр хуабжьу тогуэвыхь псэупIэ ухуэныгъэр, псом хуэмыдэу Налшык щекIуэкIыр, нэхъ мащIэ зэрыхъуам.

Министрхэм я Советым анхуэдэу къыхигъэщхьэхыкIащ РСФСР-м и Госагропромымрэ КъБАССР-м и Советым и Председатель ныбжьэгъу Мамхэгъ М. Ш.

* * *

КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УД-м цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныкIэ, узыншагъэр хъумэныкIэ, культурэмкIэ и отделым, КъБАССР-м Культурэмкlэ и министерствэм, облсовпрофым и отделым хуагъэлъэгъуащ илъэс къэс щIалэрэ хъыджэбзу тху нэхърэ мынэхъ мащIэ конкурсыншэу щIагъэтIысхэн папщIэ культурэмкIэ центральнэ институтхэм еджакIуэ ягъэкIуэну.

КъБАССР-м и Госстройм къалэн щащIащ проектнэ организацэхэм я гъусэу Пионерхэм я къалэ Дворецым и унар гуащэзмкIэ театр ящIыжыну папщIэ проект лэжьыгъэхэр 1990 гъэм июлым и 1-р къэсыху зэфIигъэкIыну. Пэшхэм щыщ Iыхьэ «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым зэрыратынум мыбдежым Iуэхур щытращIыхьыну хуейщ.

Зэлъашlэм щыхэплъащ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми.

Зэлъашlэр яригъэкIуэкIащ КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Председатель ныбжьэгъу Мамхэгъ М. Ш.

* * *

КъБАССР-м и Министрхэм я Советым унафэ къищтащ «Налшык къалэм и Октябрьскэ. Ленинскэ районым и Советхэм я депутатхэм, общественникхэм, партие организацэхэм я активистхэм, ветеранхэм, пенсионерхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, Абыхэм хуэдэ къэралыгъуэ зэгурыIуэныгъэ, зэгъусэныгъэ, зэгурыIуэныгъэ щыIэ зэпытым ухуакIуэхэм я лэжьыгъэр ягъэкIуэдащ.

лэжьыгъэм зыхихъэжащ Май къалэм, Котларевскэ, Александровскэ, Цэвэ-Ивановкэ, районым щыщ адрей жылагъуэхэм я теплъэм. Ауэ уэрамхэр гъэкъэбзэныжкIэ, куэщыбыр дэщыныжкIэ зэфIэкIакъым лэжьыгъэм и махуэшхэм хэтахэм ящIар. Лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ заводхэм, ухуэнIэхэм, колхозхэм, совхозхэм я гурыгъуэхэм, фермэхэм.

Къэбгъэлъагъуэмэ, промышленнэ продукциу сом мини 120-рэ и уасэ къыщIагъэкIыну къалэн зыщащIыкъуэ щытащ а махуэм. Ижи ар арагъэхъулIащ. КъыхэжаныкIахэм ящыщщ «Севкаврентген» заводым и лэжьакIуэхэр.

Лэжьыгъэм и махуэшхуэм хэта ухуакIуэхэм сом мин 20 и уасэ ухуэныгъэ лэжьыгъэ ягъэзащIащ.

Жэм къэс хуэзэу шэ килограмм 11 къыщIашыну, псори зэхэту шэ тонн 40 къэралым ирашэну къалэн зыщащIыжат а махуэм Iэщыхъуэхэми, ар щIигъуу зэфIагъэкIащ.

Гъавэм елэжьхэм вагъэр сэным хуагъэхъэзырац, жылэ трасащ, макъумылапхъэ зытет хъэсэхэм псы щIагъэлъэдащ.

Коммунистическэ субботникым къыщалэжьауэ сом мин 40 щIыхуэзм я узыншагъэр хъумэным, сабий Iуэху щIапIэхэм я щытыкIэр егъэфIэкIуэным щыхухахащ Май районым.

Ухуэныгъэ-монтаж лэжьыгъэу сом 19.500-рэ и уасэ зэфIагъэкIащ, сом 36.600-рэ и уасэ промышленнэ продукцэ къыщIагъэкIащ апрелым и 21-м районым и гуащIэрыпсэухэм.

Хуэмыхуакъым Iэщыхъуэхэри, механизаторхэри. Абыхэм а махуэм шэуэ тонн 55-рэ кIалэжьащ, гектар 600-м гъатхэгъэ къэкIыгъэхэм я жылэхэр трагъэхъэсащ. Iэнатlэ пэрытыгъуащIэрыпсэухэм, унэгуащэхэм, пенсионерхэм жыгыщIэу мин 12 ягъэтIысащ.

Ленинскэ субботникым къару нэхъыбэ езыхьэлIахэм ящыщщ Дзэлыкъуэкъуажэ щыIэ производственнэ комбинатыр, гъущIым елэжьу Малкэ дэт заводыр, Сэрмакъ тхъу-кхъуей заводыр, нэгъуэщIхэри.

ТЫРНЫАУЗ КЪАЛЭ

В. И. Ленинym и фэеплъыр гъэлъэпIэным теухуа субботникым къалэм, абы и гъунэгъу жылагъуэхэм щыпсэухэм лажьыгъэ ин щызэфIагъэкIащ Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм. ЦIыху куэд елэжьащ къалэм и щIыналъэр зэIуэпэщ щIынымкIэ, уэрамкэр гъэкъэбзэным. Щхъуантlагъэ куэд ягъэтIысащ, щIымахуэм зэтрихьа фIейр къалэм дашащ.

«Кольчугцветметэнер го» управленэм и рабочэхэм вэжащ. Абыхэм Iэщым мыхъужыну хагъэкIахэм я пIэкIэ былым лъэпкъыфIым и жэмыщIэ гъэшIыфIэхэр хагъэуващ. ЩIэуэ къызэрагъэпэщауэ жэм фIыцIэ-къуэлэн фермэ яIэщ, абы и унафэщIщ IащIагъэлI ныбжьыщIэ КIарэ Анзор.

Мыбдежым занщIэу щыжытIэщи, Iэщ лъэпкъыфIым и мыхьэнэр хэти а фермэм нэрылъагъу щыщохъу. Япэрауэ, гъэ кIуам абыхэм ику иту дэтхэнэми шэ килограмм миницым щIигъу къыщIэкIащ, колхозым зэрыщыту а бжыгъэр зэрыщыхъуар килограмм 2.838-рэщ. Абы щыгъуэми 1988 гъэм яхуэфIэкIауэ щытам нэхърэ ар килограмми 100-м щIигъукIэ нэхъыбэщ. Зэрыфлъагъущи, фермэхэм шэр псоми зэхуэдэу къашауэ щытамэ, зы жэмым къыщIэкIым зэрыхэхъуэнур килограммищэтэкъым, атIэ щищкIэ нэхъыбэ хъунт.

Iэщ лъэпкъыр егъэфIэкIуэным хуэунэтIащ голыштинофриз лъэпкъым и гуум и жыдэкIэ колхозым и жэмхэр псэф зэращIри. А лъэпкъитIым къатепщIыкIауэ жэмыщIэ 350-м щIигъу СССР-м и Совет Нэхъыщхэм и цIыхубэ депутат Кулиев Сулътlан зи унафэщI Iэщlэвыщlэ фермэм къыщагъэхъу. Жэмыщlэ лъэпкъыфIхэр щхьэхуэ ящIагъуэ ягъашхэ, зэрахьэ, яхъумэ. Абыхэм ящыщ нэхъыфIхэр дэтхэнэри псэф зэрыхъурэ мази 5—6 хъуауэ гъэш фермэхэм иратынущ. я Iэщ хъушэм хатхыкIахэм я пIэ ирагъэувэну.

Гъэ кIуам шэр щэнымкIэ планыр проценти 105-кIэ, лымкIэ — 180-кIэ ягъэзэщIащ. Лы къалэжьынымкIэ хозяйствэм щхьэпэ щыхъуащ Лашынкъей щыIа районым и межколхоз Iэщ гъэшхапIэр къищэхужауэ зэрыщытар. Иджы абы илъэс къэс IэщIэвыщIэ щагъашхэ. Гъэ кIуам абы щаIыгъа выщIэ 1.400-м ику иту дэтхэнэми и хьэлъагъым махуэм грамм 700 хигъэхъуащ, къэралым ирашэхэм килограмм 430—450-м нэс къэзымышэча къахэкIакъым.

Мы илъэсым щыщIидзами Iэщ гъэшхапIэм и псэуалъэхэм щIэтащ Iэщlэвыщlэ 1.100-рэ. Абыхэм ящыщу иджыблагъэ 500-р IыхыпIэм ирагъэшати, ику иту дэтхэнэми килограмм 450-м нэс кIышэчащ, абы лыр къэралым ещэнымкIэ квартал планыр щIигъуу къызэфIигъэкIащ. Выщlэхэр зыгъэшхэр, зезыхьар ГъукIэпщокъуэ Леонид зи нэхъыжь Борэн Хьисэн, КIарэ Юрий, ГъукIэпщокъуэ Муlэед, трактурист Мэкъуауэ Нурхьэлий сымэщ. Мы махуэхэми абыхэм я былымыр зыхуей хуагъазэ,

Былым лъэпкъыфIым къытепщIыкIа шкIэхэр, танэхэр хъарзынэу щагъашхэ, шызэрахьэ комплексым. Дэ абы дыщыщыIа махуэм мазиплI-тху зи ныбжь танэ цIыкIуэр яшэчырт.

— Дапщэ кърашэхрэ? — деупщIащ колхозым и экономист Шэрджэс Володя.

— Иджыкlэ тшэчар танэхэм я Iыхьэ ныкъуэрщ, ауэ абыхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, план грамм 400-м и пIэкIэ дэтхэнэми и хьэлъагъым грамм 550-рэ нэхърэ мынэхъ мащIэ хигъахъуэу къызолъытэ, — жеlэ абы.

Танэхэр пшэрщ, къабзэщ. Абыхэм я кхъуафэм дэлъщ Iус зэхэлъ, мэкъу, силосыфI дыдэ. ЩIэжьейхэр анхуэдэу сакъыу зезыхьэхэр, зыгъашхэхэр куэд мэхъу. Ауэ абыхэм къахожаныкI ГъущIо Адэлбий, Къурсакъ Хьэцацэ, Гижгиев Амырхан, Бэгъэтыр Мухьэдин, Созаев Нэмэхьил сымэ. Абыхэм зэрахьэ танэхэм я хьэлъагъым суткэ къэс грамм 600 — 650-м нэс хагъахъуэ.

Мы зэманыр хозяйствэхэм мэкъумылэр, Iусыпхъэр нэхъ мащIэ щыщыхъу лъэхъэнэщ. Ауэ Шэджэм Езанэм и гъэш фермэхэм анхуэдэ ныкъусанигъэ щыIэкъым. Жэмхэр къапщтэмэ, махуэ къэс дэтхэнэми мэкъумылэ единицэу 11—12 ирагъэшх. Рационым хохьэ мэкъу, хьэуазэ, силос, Iус зэхэлъ, макIухуэ. Нэгъуэщlу жыпIэмэ, Iэщыр удзым хьэху ирагъэшхын яlэщ.

Iэщыхъуэм и жэрдэмыр къэIэтыным, абы и лъэр нэхъри жан щIыным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр колхозым щагъэзащIэ. Гъэш комплексми, IэщIэвыщIэ пщыIэхэми цIыхухэм унэ хъарзынэхэр щаIащ. Ахэр зыхуейхэмкIэ къызэгъэпэщахэщ. Гъэш комплексым щыIэ унэм краснэ уголок, щыжей, цыпцафIэ, щыпхэ пэшхэр хэтщ, душ яlэщ. Профилакторэ, тыкуэн мэлажьэ. Район сымаджэщым и дохутырхэм ящыщ тхьамахуэм зэ комплексым макIуэ, Iэщыхъуэхэм якIэлъоплъэ, хущхъуэ ирахьэлIэ. Тыкуэным Iэщыхъуэхэр махуэ къэс зыхуей хьэпшыпхэмкIэ сату ядещI.

Загъэпсэхуну, я узыншагъэм кIэлъагъэплъыну хуей Iэщыхъуэхэр колхозым и хьэкIэ зыгъэпсэхупIэ унэхэм, санаторэхэм ягъакIуэ. Мы гъэм зэрыщIидзэрэ путевкэ къыхудахащ Iэщыхъупlым. Гулъытэфl зыгъуэт Iэщыхъуэхэми я зэхьэзэхуэр щIагъэхуабжьэ, текIуадэр мащIэу Iэщхэкl нэхъыбэ къэлэжьыным къаруу, зэфIэкIыу яlэр ирахьэлIэ.

А зэхьэзэхуэм щыпашэщ, зэрыжыгIащи, КIарэ Анзор зи унафэщI етIуанэ гъэш фермэр. Мы зэманым абы жэм къэс хуэзэу шэ килограмм 12-м нэс къыщIеш, шэм и Iувагъыр проценти 3,9—4-м я кIэ къакIуэркъым.

Шытхъу яхуэфащэщ Шыкlэбахъуэ Хьэутий зи унафэщI ещанэ гъэш фермэм и лэжьакIуэхэми. Абыхэми швиц лъэпкъ жэмхэм дэтхэнэми хуэзэу махуэм шэ килограммии 10, нэхъыбэ кърагъэт, гъэшым и Iувагъыр проценти 4,2—4,5-м нос.

А фермэхэм я фIыщIэкIэ мы зэманым колхозым жэм къэс хуэзэу ику иту шэ килограмми 8,5—9-м нэс къыщыщIаш, шэ центнер 45,5—46-рэ къэралым ирашэ. Зэрыколхозу гъэшым и Iувагъыр проценти 3,8—3,9-рэ нэхърэ нэхъ мащIэ хъуркъым. Шэ къэшын и лъэныкъуэкIэ колхозым пIэ ехъулIэныгъэхэм я гуащIэ куэду хэлъщ Iэхъуэ гъуэзэджэхэу Батыр Борис, Гъущlо Мухьэрбий, Къущхьэ Борис сымэ. Абыхэм жэмышхэм щытхъу нэхъыбэ хужаIэ.

Жэмышхэу Къардэн Ленэ, Вэрокъуэ КIуакIуэ, КIуащ Рае, Уэтэбей Аскэр сымэ мы зэманым жэм къэс хуэзэу къыщIашыр шэ килограмм 12—13 нэхърэ нэхъ мащIэ ящIыркъым.

Фlагъ и лъэныкъуэкIи колхозым и гъэш фермэхэм Iуэхугъуэфlхэр щалэжь. Иджы ар нэхъри ирагъэфIэкIуэнущ гъэш комплексым щагъэува Iэмэпсымэ. Абы шэр килограмм бжыгъэкIэ зыбжэр тетщи, дэтхэнэ жэмышми кIыщыр зыхудизыр къелъытэ, шэр ез, егъэлъапIыIу. Абы къыхэкIыуи гъэшыр зэмыкIуэкIауэ, къабзэу Iыхыпlэм Iэроxьэ. Мы гъэм зэрыщIидзэрэ колхозым къэралым шэуэ ирищам я процент 95-р янэ сорту пхыкIащ.

Гъэ кIуам лэжьащIэр лэжьыгъэм кIэухыу кърикIуэм елъытауэ зэрат щыкIэм тету зэрылэжьам, и щхьэмкIэ къыщыдгъэлъэгъуа Iуэхугъуэфl зыбжанэм я фIыщIэкIэ, колхозым хэхъуэу къыIэрыхьэр нэхъыбэ хъущ. Абы къыдэкIуэри колхозхэтхэм сакълэту яIэрыхьахэм нэмыщI, илъэсым и кIэм пеори зэхэту сом мелуанрэ мин 200-рэ ирагъажащ. Ахэр зыхуэзугуэшыжахэм ящыщщ Iэщыхъуэхэри. Абыхэм гунэс ящыхъуащ хозрасчетым и хабзэхэр, лэжьакIэщIэр.

Ауэ колхозым и унафэщIхэми, IэщlагъэлIхэми, и лэжьакIуэ псоми тегушхуауэ Iэнатlэ пеори бэдзэнд лэжьакIэм хэлъкIуэри хуеяуэ къалъытэ. Сыту жыIэмэ, а лэжьакIэм тетамэ, фермэхэм шэуэ къыщашыр апхуэдэу зэщхьэщыкIынтэкъым, жэмыш пашэхэм шэ килограмм 3.200—3.500-рэ щахуэзфIэкIым, а бжыгъэр килограмм 2.500—2.600-м фIэкI зыхунэмыгъэсахэр щыIэнтэкъым. Iэщыхъуэхэр нэхъ егугъунт шэ, ялэжьыным текIуадэ пщIэр, мэкъумылэр нэхъ зэгъэзэхуэным. Гъэ кIуам ику иту шэ центнер къэшным тумэнилIрэ сомитхрэ, лы центнер къэлэжьыным сом щитIрэ тумэниблым нэс трагъэкIуадащ. Iэщхэкlым текIуадэ пщIэр зэрагъэмэщIафын Iэмалхэр колхозым и фермэхэм щыIэщ. Псалъэм пашIэ, автомашинэхэр, тракторхэр щыхуейм-щыхуэмейми куэдыIуэу къагъэсэбэп. Ар гъэтэмэмэ, къыщеззгъэхэм шыгу зэщIэщIахэмкIэ щылэжьама, мылъкум, ахъшэм щыщ зыкъом къыздрагъэдзэфынут.

Мэкъумылэр, Iусыпхъэр гъэхъэзырауэ Iэщым егъэшхынми мыхьэнэшхуэ иIэщ Iэщхэкlыу къалэжьым и куэдагьми и фIагьми хэгъэхъуэнымкIэ. Ауэ колхозым мымащIэу къыщохъу мэкъумылэм, Iусыпхъэм щелэжь щIэфIапIэр мылажьу щыщыт. Ахэр къезэгъыркъым. Зи лэжьыгъэр езыгъэфIэкIуэну, Iэщхэкl нэхъыбэ къэзылэжьыну къалэн зыщызыщIыжа Iэщыхъуэхэм я мурадыфIхэр къайхъулIэи пащIэ, колхоз унафэщIхэм, IэщlагъэлIхэм я пщэ къыдахуэхэр ягъэзащIэн хуейщ.

БЕКЪАН Чылакий.

КъБАССР-м и Министрхэм я Советым унафэ къищтащ «Налшык къалэм и Октябрьскэ,. Ленинскэ районполкомхэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ я отделхэр зэхуэкIыным и Iуэхукlэ». Цыхубэ депутатхэм я Налшык къалэ Советым и исполкомхэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ я райотделхэр зэхуащIыну цыхубэ депутатхэм я Налшык къалэ Советым и исполкомхэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и отдел къызрагъэпэщыну унафэ къащтащ.

КъБАССР-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министерствэм (Мэршэн Б. И.) Налшык къалэ исполкомым (ныбжьэгъу Сыжажэ В. Хъу.) и гъусэу къалэщIащ а унафэр зэрагъэцIыным хуэунэтIа къыздрагъэпащIыныгъэ лэжьыгъэхэр мы гъэм июлым и 1-р къэсыху зэфIигъэкIыну..

НЭХЪЫБИ ЯХУЭЗФIЭКIЫНУТ

Iэщ гъэхъуныр лэжьыгъэ тыншкъым. Ауэ абы къикIыркъым зыпIудзын хуейуэ. Уеблэмэ мылъку, къару нэхъыбэ ехьэлIауэ а Iэнатlэ гугъум зыкъегъэIэтыныр, Iэщыхъуэхэм я зэIузэпэщ псэукIэр егъэфIэкIуэныр, псори лэжьыгъэм дегъэхъэхауэ, хахъуэу, фейдэуэ абы къитыр нэхъыбэ щIыным хуэунэтIыныр къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

Ахэр хъарзынэу къагуроIуэ Шэджэм районым Ленинym и цIыкIэ щыIэ колхозым и унафэщIхэм, IэщlагъэлIхэм. Абыхэм нужьрей илъэсхэм Iэщым езым къыщIэхъуэмкIэ зегъэужьыным, лыуэ къалэжьым, шэуэ къашым хэгъэхъуэным гулъытэшхуэ хуащI хъуащ. Хозяйствэм а Iуэхум зыкъегъэIэтыным къыщыщIидзащ Iэщыхъуэхэм я Iэнатlэр тынш яхуэщIыным, я лэжьыгъэм къыпэкIуэм дегъэхьэхым. Итlанэ Iэщым и мэхъумылэр фIыуэ, эрикъуным хуэдизу ягъэхьэзыру щIадзащ. Гулъытэ нэхъыбэ хуащI хъуащ Iэщыр и лъэпкъкIэ егъэфIэкIуэнымрэ уэныншэу хъумэнымрэ. Яlэщlэгъэпщыкlакъым фермэхэр Iэщыхъуэхэмкlэ ирикъуу къызэгъэпэщыныр, ахэр зыхуей псори Iэнатlэм щагъэуэту лэжьыгъэр унэтIыныр.

Зи гугъу тщIы Iуэхугъуэхэмкlэ гъэ кIуам и пэ ита илъэсхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ хозяйствэм щызэфIагъэкIащ. Яlэи хуей жэм 650-р гъэш комплексымрэ фермэхэмрэ трагъэуващ. Абыхэм Iэщым мыхъужыну хагъэкIахэм я пIэкIэ былым лъэпкъыфIым и жэмыщIэ гъэшыфIэхэр хагъэуващ. ЩIэуэ къызэрагъэпэщауэ жэм фIыцIэ-къуэлэн фермэ яIэщ, абы и унафэщIщ IащIагъэлI ныбжьыщIэ КIарэ Анзор.

Мыбдежым занщIэу щыжытIэщи, Iэщ лъэпкъыфIым и мыхьэнэр хэти а фермэм нэрылъагъу щыщохъу. Япэрауэ, гъэ кIуам абыхэм ику иту дэтхэнэми шэ килограмм миницым щIигъу къыщIэкIащ, колхозым зэрыщыту а бжыгъэр зэрыщыхъуар килограмм 2.838-рэщ. Абы щыгъуэми 1988 гъэм яхуэфIэкIауэ щытам нэхърэ ар килограмми 100-м щIигъукIэ нэхъыбэщ. Зэрыфлъагъущи, фермэхэм шэр псоми зэхуэдэу къашауэ щытамэ, зы жэмым къыщIэкIым зэрыхэхъуэнур килограммищэтэкъым, атIэ щищкIэ нэхъыбэ хунт.

Iэщ лъэпкъыр егъэфIэкIуэным хуэунэтIащ голыштинофриз лъэпкъым и гуум и жыдэкIэ колхозым и жэмхэр псэф зэращIри. А лъэпкъитIым къатепщIыкIауэ жэмыщIэ 350-м щIигъу СССР-м и Совет Нэхъыщхэм и цIыхубэ депутат Кулиев Сулътlан зи унафэщI Iэщlэвыщlэ фермэм къыщагъэхъу. Жэмыщlэ лъэпкъыфIхэр щхьэхуэ ящIагъуэ ягъашхэ, зэрахьэ, яхъумэ. Абыхэм ящыщ нэхъыфIхэр дэтхэнэри псэф зэрыхъурэ мази 5—6 хъуауэ гъэш фермэхэм иратынущ. я Iэщ хъушэм хатхыкIахэм я пIэ ирагъэувэну.

Гъэ кIуам шэр щэнымкIэ планыр проценти 105-кIэ, лымкIэ — 180-кIэ ягъэзэщIащ. Лы къалэжьынымкIэ хозяйствэм щхьэпэ щыхъуащ Лашынкъей щыIа районым и межколхоз Iэщ гъэшхапIэр къищэхужауэ зэрыщытар. Иджы абы илъэс къэс IэщIэвыщIэ щагъашхэ. Гъэ кIуам абы щаIыгъа выщIэ 1.400-м ику иту дэтхэнэми и хьэлъагъым махуэм грамм 700 хигъэхъуащ, къэралым ирашэхэм килограмм 430—450-м нэс къэзымышэча къахэкIакъым.

Мы илъэсым щыщIидзами Iэщ гъэшхапIэм и псэуалъэхэм щIэтащ IэщIэвыщIэ 1.100-рэ. Абыхэм ящыщу иджыблагъэ 500-р IыхыпIэм ирагъэшати, ику иту дэтхэнэми килограмм 450-м нэс кIышэчащ, абы лыр къэралым ещэнымкIэ квартал планыр щIигъуу къызэфIигъэкIащ. Выщlэхэр зыгъэшхэр, зезыхьар ГъукIэпщокъуэ Леонид зи нэхъыжь Борэн Хьисэн, КIарэ Юрий, ГъукIэпщокъуэ Муlэед, трактурист Мэкъуауэ Нурхьэлий сымэщ. Мы махуэхэми абыхэм я былымыр зыхуей хуагъазэ,

Былым лъэпкъыфIым къытепщIыкIа шкIэхэр, танэхэр хъарзынэу щагъашхэ, шызэрахьэ комплексым. Дэ абы дыщыщыIа махуэм мазиплI-тху зи ныбжь танэ цIыкIуэр яшэчырт.

— Дапщэ кърашэхрэ? — деупщIащ колхозым и экономист Шэрджэс Володя.

— Иджыкlэ тшэчар танэхэм я Iыхьэ ныкъуэрщ, ауэ абыхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, план грамм 400-м и пIэкIэ дэтхэнэми и хьэлъагъым грамм 550-рэ нэхърэ мынэхъ мащIэ хигъахъуэу къызолъытэ, — жеlэ абы.

Танэхэр пшэрщ, къабзэщ. Абыхэм я кхъуафэм дэлъщ Iус зэхэлъ, мэкъу, силосыфI дыдэ. ЩIэжьейхэр анхуэдэу сакъыу зезыхьэхэр, зыгъашхэхэр куэд мэхъу. Ауэ абыхэм къахожаныкI ГъущIо Адэлбий, Къурсакъ Хьэцацэ, Гижгиев Амырхан, Бэгъэтыр Мухьэдин, Созаев Нэмэхьил сымэ. Абыхэм зэрахьэ танэхэм я хьэлъагъым суткэ къэс грамм 600 — 650-м нэс хагъахъуэ.

Мы зэманыр хозяйствэхэм мэкъумылэр, Iусыпхъэр нэхъ мащIэ щыщыхъу лъэхъэнэщ. Ауэ Шэджэм Езанэм и гъэш фермэхэм анхуэдэ ныкъусанигъэ щыIэкъым. Жэмхэр къапщтэмэ, махуэ къэс дэтхэнэми мэкъумылэ единицэу 11—12 ирагъэшх. Рационым хохьэ мэкъу, хьэуазэ, силос, Iус зэхэлъ, макIухуэ. Нэгъуэщlу жыпIэмэ, Iэщыр удзым хьэху ирагъэшхын яlэщ.

Iэщыхъуэм и жэрдэмыр къэIэтыным, абы и лъэр нэхърэ жан щIыным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр колхозым щагъэзащIэ. Гъэш комплексми, IэщIэвыщIэ пщыIэхэми цIыхухэм унэ хъарзынэхэр щаIащ. Ахэр зыхуейхэмкIэ къызэгъэпэщахэщ. Гъэш комплексым щыIэ унэм краснэ уголок, щыжей, цыпцафIэ, щыпхэ пэшхэр хэтщ, душ яlэщ. Профилакторэ, тыкуэн мэлажьэ. Район сымаджэщым и дохутырхэм ящыщ тхьамахуэм зэ комплексым макIуэ, Iэщыхъуэхэм якIэлъоплъэ, хущхъуэ ирахьэлIэ. Тыкуэным Iэщыхъуэхэр махуэ къэс зыхуей хьэпшыпхэмкIэ сату ядещI.

Загъэпсэхуну, я узыншагъэм кIэлъагъэплъыну хуей Iэщыхъуэхэр колхозым и хьэкIэ зыгъэпсэхупIэ унэхэм, санаторэхэм ягъакIуэ. Мы гъэм зэрыщIидзэрэ путевкэ къыхудахащ Iэщыхъупlым. Гулъытэфl зыгъуэт Iэщыхъуэхэми я зэхьэзэхуэр щIагъэхуабжьэ, текIуадэр мащIэу Iэщхэкl нэхъыбэ къэлэжьыным къаруу, зэфIэкIыу яlэр ирахьэлIэ.

А зэхьэзэхуэм щыпашэщ, зэрыжыгIащи, КIарэ Анзор зи унафэщI етIуанэ гъэш фермэр. Мы зэманым абы жэм къэс хуэзэу шэ килограмм 12-м нэс къыщIеш, шэм и Iувагъыр проценти 3,9—4-м я кIэ къакIуэркъым.

Шытхъу яхуэфащэщ Шыкlэбахъуэ Хьэутий зи унафэщI ещанэ гъэш фермэм и лэжьакIуэхэми. Абыхэми швиц лъэпкъ жэмхэм дэтхэнэми хуэзэу махуэм шэ килограмми 10, нэхъыбэ кърагъэт, гъэшым и Iувагъыр проценти 4,2—4,5-м нос.

А фермэхэм я фIыщIэкIэ мы зэманым колхозым жэм къэс хуэзэу ику иту шэ килограмми 8,5—9-м нэс къыщыщIаш, шэ центнер 45,5—46-рэ къэралым ирашэ. Зэрыколхозу гъэшым и Iувагъыр проценти 3,8—3,9-рэ нэхърэ нэхъ мащIэ хъуркъым. Шэ къэшын и лъэныкъуэкIэ колхозым пIэ ехъулIэныгъэхэм я гуащIэ куэду хэлъщ Iэхъуэ гъуэзэджэхэу Батыр Борис, Гъущlо Мухьэрбий, Къущхьэ Борис сымэ. Абыхэм жэмышхэм щытхъу нэхъыбэ хужаIэ.

Жэмышхэу Къардэн Ленэ, Вэрокъуэ КIуакIуэ, КIуащ Рае, Уэтэбей Аскэр сымэ мы зэманым жэм къэс хуэзэу къыщIашыр шэ килограмм 12—13 нэхърэ нэхъ мащIэ ящIыркъым.

Фlагъ и лъэныкъуэкIи колхозым и гъэш фермэхэм Iуэхугъуэфlхэр щалэжь. Иджы ар нэхъри ирагъэфIэкIуэнущ гъэш комплексым щагъэува Iэмэпсымэ. Абы шэр килограмм бжыгъэкIэ зыбжэр тетщи, дэтхэнэ жэмышми кIыщыр зыхудизыр къелъытэ, шэр ез, егъэлъапIыIу. Абы къыхэкIыуи гъэшыр зэмыкIуэкIауэ, къабзэу Iыхыпlэм Iэроxьэ. Мы гъэм зэрыщIидзэрэ колхозым къэралым шэуэ ирищам я процент 95-р янэ сорту пхыкIащ.

Гъэ кIуам лэжьащIэр лэжьыгъэм кIэухыу кърикIуэм елъытауэ зэрат щыкIэм тету зэрылэжьам, и щхьэмкIэ къыщыдгъэлъэгъуа Iуэхугъуэфl зыбжанэм я фIыщIэкIэ, колхозым хэхъуэу къыIэрыхьэр нэхъыбэ хъущ. Абы къыдэкIуэри колхозхэтхэм сакълэту яIэрыхьахэм нэмыщI, илъэсым и кIэм пеори зэхэту сом мелуанрэ мин 200-рэ ирагъажащ. Ахэр зыхуэзугуэшыжахэм ящыщщ Iэщыхъуэхэри. Абыхэм гунэс ящыхъуащ хозрасчетым и хабзэхэр, лэжьакIэщIэр.

Ауэ колхозым и унафэщIхэми, IэщlагъэлIхэми, и лэжьакIуэ псоми тегушхуауэ Iэнатlэ пеори бэдзэнд лэжьакIэм хэлъкIуэри хуеяуэ къалъытэ. Сыту жыIэмэ, а лэжьакIэм тетамэ, фермэхэм шэуэ къыщашыр апхуэдэу зэщхьэщыкIынтэкъым, жэмыш пашэхэм шэ килограмм 3.200—3.500-рэ щахуэзфIэкIым, а бжыгъэр килограмм 2.500—2.600-м фIэкI зыхунэмыгъэсахэр щыIэнтэкъым. Iэщыхъуэхэр нэхъ егугъунт шэ, ялэжьыным текIуадэ пщIэр, мэкъумылэр нэхъ зэгъэзэхуэным. Гъэ кIуам ику иту шэ центнер къэшным тумэнилIрэ сомитхрэ, лы центнер къэлэжьыным сом щитIрэ тумэниблым нэс трагъэкIуадащ. Iэщхэкlым текIуадэ пщIэр зэрагъэмэщIафын Iэмалхэр колхозым и фермэхэм щыIэщ. Псалъэм пашIэ, автомашинэхэр, тракторхэр щыхуейм-щыхуэмейми куэдыIуэу къагъэсэбэп. Ар гъэтэмэмэ, къыщеззгъэхэм шыгу зэщIэщIахэмкIэ щылэжьама, мылъкум, ахъшэм щыщ зыкъом къыздрагъэдзэфынут.

Мэкъумылэр, Iусыпхъэр гъэхъэзырауэ Iэщым егъэшхынми мыхьэнэшхуэ иIэщ Iэщхэкlыу къалэжьым и куэдагьми и фIагьми хэгъэхъуэнымкIэ. Ауэ колхозым мымащIэу къыщохъу мэкъумылэм, Iусыпхъэм щелэжь щIэфIапIэр мылажьу щыщыт. Ахэр къезэгъыркъым. Зи лэжьыгъэр езыгъэфIэкIуэну, Iэщхэкl нэхъыбэ къэзылэжьыну къалэн зыщызыщIыжа Iэщыхъуэхэм я мурадыфIхэр къайхъулIэи пащIэ, колхоз унафэщIхэм, IэщlагъэлIхэм я пщэ къыдахуэхэр ягъэзащIэн хуейщ.

БЕКЪАН Чылакий.

СЫТХЭР УИ ПСЭУКІЭ, КЪУАЖЭ?

ГУ ЗЫЛЪОЗЫГЪАТЭ ІУЭХУФІХЭР

Мы гъэм и пэщІэдзэм Дэлыкъуэ районым щыІэ «Светлый путь» колхозым очет собранэ щыщекІуэкІым зэи и гугъу ямышІауэ абы уи щІэ щагъэувауэ щытащ. Ар дэкІыгъэм и ветеранхэм, колхозхэт пашэхэм, еджакІуэхэм саугъэт етырт. ...Іэгуауэ макъым щІэту колхоз унафэщІхэм хэти радиоприемник, хэти сыхьат, хэти алэрыбгъу дахэ, хэти нэгъуэщІ хьапшыпхэр ратащ. Зыщагъэгъуэщакъым вечием щыс колхозхэтхэу зэралъэкІкІэ хозяйствэм дэІэпыкъуэгъэри. Псори заохэ гу сом мини 3-и уасэ сауГъэт щІыху 60-м хуагуэшауэ щытащ. Анхуэдэ гулъытэм примыгуфІэрэ примыгушхуэрэ къыззохуэсахэм яхэтакъым.

— Си къарум кІэтІэсэху колхозым сыхэлэжьыхьащ, иджыри зэрылъэкІкІэ сыдэІэпыкъунщ, — жиІащ абы щыгъуэ пенсионер Хъуэкіуэн Пагуэ. — Ауэ нэхъапэм ди лэжьыгъэм апхуэдэ щІэ иГъуэтакъым, ар блэкІа заманым елъытауэ щытащ. Ди гугъуехьыр зэрыфщымыгъупщамкІэ, фигу дыкъызэрыкІамкІэ лэжьыгъэм и ветеран псоми къабгъэдэкІыу фІыщІэ ин фхуэощІ...

— Къуажэдэсхэм, колхозхэтхэм я социальнэ псэукІэр егъэфІэкІуэным, абыхэм ядэІэпыкъуным теухуа Іуэхугъуэхэм длэжьи гулъытэ хэха хуэтщІынущ, — жеІэ колхозым и председатель Ныр Хъэзэбий. — Псом хуэмыдэу ди мэфэ тедгъэтынущ унагъуэхэм я подсобнэ хозяйствэхэм зегъэужьыным, къуажэр эзэуэпэщ щІыным, Іуэхутхьэбзэ щІапІэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэІухыным, унагъуэщІау тІысхэм щІапІэ етыным, ухуэныгъэ материалхэмкІэ защІэгъэкъуэным. Абы теухуа Іуэхугъуэ пыухыкІахэм колхоз правленэмрэ къуажэ Советым и исполкомымрэ унафэ тетщІыхьащ икІи къалэн зыщыгтщІыжахэр зэрыдгъэзэщІэным дыхущІэкъуащ.

Абыкъэ зэфІэгъэкІа хъуари мащІэкъым. Нсалъэм папщІэ, нэгъабэ къуажэдэс унагъуэхэм мэкъуу тонн 224-рэ, Іус зэхэлъу пентнери 134-рэ, силосу — 368-рэ иращащ. ХъупІэхэр егъэфІэкІуэн зэрыхуейри зыщагъэгъупщакъым, езыр-езыру къэкІ удахэу гектари 105-рэ минеральнэ удобренэкІэ ягъэпщэращ. Унагъуэ Іэщым папщІэ псэф щащІ пунит къызэІуахащ, абы щолажьэ опытныхуэ зиІэ техник-осеменатор Хъуэкіуэн Мухьэмэд. Жэмхэр псэф ящІащ колхозым и гуу фІыщІэкъуэдэнхэм я жылэкІэ.

Анхуэдэу Іэщ зезыхуэну хуейхэм жэмыщІэхэр, тамэхэр, шкІэхэр иращэнущ. Илъэсым зэрыщІидзэрэ зэгурыІуэныгъэу 300 зэращылІащ. Іэщу ящэхум и уасэр защІэу ямытыфмэ, ар зэман кІыхькІэ яшышэжыну къуажэдэсхэм хуитыныгъэ рат. Абы къищынэмыщІауэ, Іэщ зезыхуахэм мэкъуу 1 тонн. Іус зэхэлъу килограмм 300 рат, удз щІынэр щыупщІын щІадзэмэ, нэрыхьэту хуаутІыпщынущ. Иджыкіэ колхозым Іэщу 100-м нэблагъэ къуажэдэсхэм ярищащ. А псоми я фІыгъэкІэ унагъуэхэм Іэщу щаІыгъыр процент 16-кІэ нэхъыбэ хъуащ, нэгъабэ абыхэм къалеекІа кІэртІофу тонн 250-рэ, шэуэ тонни 118-рэ, ІэщІэвыщІэу 250-рэ хозяйствэм иращащ. Мы гъэм а бжыгъэхэр куэдкІэ нэхъыбэнущ.

Унагъуэ щхьэхуэу тІысхэм унэ ящІын щхьэкІэ сом мин 40, Іэщ къыращэхуну — 14, нэгъуэщІ псэуалъэхэр яухуэну — 12 щІыхуэу иратауэ щытащ. Абыхэм колхозыр зарылъэкІкІэ ухуэныгъэ материалхэмкІэ — пхъащхьэкІэ, цементкІэ, туфкІэ, шиферкІэ, чырбышкІэ, гъущІхэкІхэмкІэ — ядэІэпыкъуащ. Псори заохэту сом мини 17,3-рэ и уасэ Іуэхутхьэбзэ яхуищІащ. ГъавэщІапІэхэм щыщу унагъуэщІэу тІысыпхэм гектари 4 хухахащ.

Къуажэ уэрамхэм псыр зэрыдаша бжьамийхэр жьы хъури зэгуэтхъащи, ар зэрыззарахъуэкІын къащэхуащ.

КІуатэ пэтми нахъыбэ мэхъу природнэ газыр зыдашэ къуажэхэр. Абыхэм Дэлыкъуэдэсыр 1992 гъэм яхыхьэнущ, иджы проектыр яГъэхьэзыр. Колхозым къызэІуихынущ сабий колготкэхэр, спорт щыгъинхэр къыщыІагъэкІ цех, къуажэдэс унэгуащэ куэдым абы щылэжьэну Іэмал ягъуэтынущ. Анхуэдэу кърагъэжьащ Культурэмкіэ унэ, июным тыкуэпи 3 ятынущ, зы лэжьык псым тралъхьэнущ, къуажэ уэрамхэм мывэкІэщІхъ тракІутэнущ. Езы колхозым и къарукІэ кІэртІофу, щІыгъэпшэр хъуапІэхэр ихуэнущ. Колхозым и закъуэ а ухуэныгъэхэм сом мини 200 тригъэкІуэдэнущ.

— Ди къэралым кІуэ пэтми аращеубгъу «Гущіэгъуэ зэщІэхъеныгъэм, — жеІэ Ныр Хъэзэбий. — Абы дэ ди щхьэгъусэгъэм, ди лъэпкъэгъухэм ди щхьэ щІэмыгъэкІ

Къэралитым захэту ящIы-ну щIыIэхэр мы гъэм дунейм къытехьэнущ.

КАВКАЗЫМ ЩЫЙПЭ

Карачаевск къалэм щэнэблагъэ къыщызэIуахащ кооперативнэ банк. Ар Ищхъэрэ Кавказым щыйпэщ.

— Кооперативнэ банкыр — жеIэ абы и правленэм и председатель, коммерческэ банкэм и Союзпсо Ассоциацэм и президиумым хэт Джукаев К. С., — финанс-кредит къулыкъущIапIэщ. Абы и лэжьыгъэр еухуэ коммерческэ, рыночнэ щыкIэхэм тету. Зи гугъу тщIыр къэрал банкым къыщихьэщэнI щIыхуэхэр зэрыщIэупщIэм тету и лэжьыгъэр зэриухуэмкIэ. Банкым ахъшэ хэзылъхьэхэм къахупэкIуэнур елъытащ зэрыхалъхьэ пIалъэм. Псалъэм папщIэ, илъэскIэ халъхьэмэ процентитху, илъэси 5-м щIигъукIэ халъхьэмэ, халъхьам и проценти 10 и ахъщалъэм къокIуэ. Банкым и ахъшэр хилъхьэну хуитщ дэтхэнэ щIыхурн, кооперативри, предприятэри. Мыбдеж нэхъыщхьэр арами, ахъшэу халъхьэр сом мини 3 нэхърэ нэхъ мащIэ хъунукъым.

ЗЭНЫБЖЬЭГЪУГЪЭР МЭБЫДЭ

КIуатэ пэтми нэхърн быдэ мэхъу Къэрэшей-Шэрджэсым и автотранспортникхэмрэ Болгарием и «Петштерэ транспорт» зэгухьэныгъэм и лэжьакIуэхэмрэ яку илъ зэдэлэжьэныгъэр. Абыхэм я лIыкIуэхэр зэкIэлъытIуэ зэпытщ. Иджыблагъэ Болгарием кIуачIэхэр щыIащ Черкесск къэралитым зэхэту ящIыну щIыIэхэр мы гъэм дунейм къытехьэнущ.

КАВКАЗЫМ ЩЫЙПЭ

Карачаевск къалэм щэнэблагъэ къыщызэIуахащ кооперативнэ банк. Ар Ищхъэрэ Кавказым щыйпэщ.

— Кооперативнэ банкыр — жеIэ абы и правленэм и председатель, коммерческэ банкэм и Союзпсо Ассоциацэм и президиумым хэт Джукаев К. С., — финанс-кредит къулыкъущIапIэщ. Абы и лэжьыгъэр еухуэ коммерческэ, рыночнэ щыкIэхэм тету. Зи гугъу тщIыр къэрал банкым къыщихьэщэнI щIыхуэхэр зэрыщIэупщIэм тету и лэжьыгъэр зэриухуэмкIэ. Банкым ахъшэ хэзылъхьэхэм къахупэкIуэнур елъытащ зэрыхалъхьэ пIалъэм. Псалъэм папщIэ, илъэскIэ халъхьэмэ процентитху, илъэси 5-м щIигъукIэ халъхьэмэ, халъхьам и проценти 10 и ахъщалъэм къокIуэ. Банкым и ахъшэр хилъхьэну хуитщ дэтхэнэ щIыхурн, кооперативри, предприятэри. Мыбдеж нэхъыщхьэр арами, ахъшэу халъхьэр сом мини 3 нэхърэ нэхъ мащIэ хъунукъым.

ЗЭНЫБЖЬЭГЪУГЪЭР МЭБЫДЭ

КIуатэ пэтми нэхърн быдэ мэхъу Къэрэшей-Шэрджэсым и автотранспортникхэмрэ Болгарием и «Петштерэ транспорт» зэгухьэныгъэм и лэжьакIуэхэмрэ яку илъ зэдэлэжьэныгъэр. Абыхэм я лIыкIуэхэр зэкIэлъытIуэ зэпытщ. Иджыблагъэ Болгарием кIуачIэхэр щыIащ Черкесск къэралитым зэхэту ящIыну щIыIэхэр мы гъэм дунейм къытехьэнущ.

КАВКАЗЫМ ЩЫЙПЭ

Карачаевск къалэм щэнэблагъэ къыщызэIуахащ кооперативнэ банк. Ар Ищхъэрэ Кавказым щыйпэщ.

— Кооперативнэ банкыр — жеIэ абы и правленэм и председатель, коммерческэ банкэм и Союзпсо Ассоциацэм и президиумым хэт Джукаев К. С., — финанс-кредит къулыкъущIапIэщ. Абы и лэжьыгъэр еухуэ коммерческэ, рыночнэ щыкIэхэм тету. Зи гугъу тщIыр къэрал банкым къыщихьэщэнI щIыхуэхэр зэрыщIэупщIэм тету и лэжьыгъэр зэриухуэмкIэ. Банкым ахъшэ хэзылъхьэхэм къахупэкIуэнур елъытащ зэрыхалъхьэ пIалъэм. Псалъэм папщIэ, илъэскIэ халъхьэмэ процентитху, илъэси 5-м щIигъукIэ халъхьэмэ, халъхьам и проценти 10 и ахъщалъэм къокIуэ. Банкым и ахъшэр хилъхьэну хуитщ дэтхэнэ щIыхурн, кооперативри, предприятэри. Мыбдеж нэхъыщхьэр арами, ахъшэу халъхьэр сом мини 3 нэхърэ нэхъ мащIэ хъунукъым.

ЗЭНЫБЖЬЭГЪУГЪЭР МЭБЫДЭ

КIуатэ пэтми нэхърн быдэ мэхъу Къэрэшей-Шэрджэсым и автотранспортникхэмрэ Болгарием и «Петштерэ транспорт» зэгухьэныгъэм и лэжьакIуэхэмрэ яку илъ зэдэлэжьэныгъэр. Абыхэм я лIыкIуэхэр зэкIэлъытIуэ зэпытщ. Иджыблагъэ Болгарием кIуачIэхэр щыIащ Черкесск

ДЖЭДЫЛЫМ КЪЫХАХЫУ

Черкесск джэд-комбинатым къызэIуихащ джэдылым къыхаха пакуэ, нэгъуэщI ерысыкыгъуэхэр къыщIэзыгъэкI цех. Апхуэдэу джэдылым къыхахыу нэкуэ пкъыгъуэхэр къыщIигъэкIыу крайми, Союзми щыIэр а зыранщ. ЩэхуакIуэхэм хуабжьу ягу ирихьащ «Черкесская», «Невынномысская», нэкудъэкIэхэр. Абыхэм я уасэри апхуэдэу никъым.

КОНКУРС ИОКIУЭКI

Совет цIыхубэр фашист Германием зэрытекIуэрэ илъэс 45-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ областым и тхакIуэ организацэр, ВЛКСМ-м и обкомыр, культурэм и областной Фондыр зэгурыIуащ художественнэ тхыгъэ нэхъыфIхэмкIэ литературнэ конкурс ирагъэкIуэкIыну. Абы къигъэув Iуэхугъуэ нэхъыщхьэщ тхыгъэр щIалэгъуалэм военно-патриотическэ, интернациональнэ, нравственнэ гъэсэныгъэ хэлъхьэным теухуауэ, идейно-художественнэ и лъэныкъуэкIэ, зэманым къызэригъэувым тегъэпсыхьауэ щытыныр.

Конкурсыр екIуэкIынущ 1990 гъэм ноябрым и 1-м нэс.

ШОРЭ Ахьмэд.

Черкесск къалэ.

Налшык къалэ щыIэ «Стройдеталь» заводым и паркет цехым щыщ станочницэ нэхъыфIхэм хабжэ Къущхьэ Мэрат (сурэтым). Абы и Iэдакъэщ-Iэкъыр сыт щыгъуи дагъуэншэщ.

Тезыхар **ЩОМАХУЭ Владимирщ.**

ДЖЭДЫЛЫМ КЪЫХАХЫУ

Черкесск джэд-комбинатым къызэIуихащ джэдылым къыхаха пакуэ, нэгъуэщI ерысыкыгъуэхэр къыщIэзыгъэкI цех. Апхуэдэу джэдылым къыхахыу нэкуэ пкъыгъуэхэр къыщIигъэкIыу крайми, Союзми щыIэр а зыранщ. ЩэхуакIуэхэм хуабжьу ягу ирихьащ «Черкесская», «Невынномысская», нэкудъэкIэхэр. Абыхэм я уасэри апхуэдэу никъым.

КОНКУРС ИОКIУЭКI

Совет цIыхубэр фашист Германием зэрытекIуэрэ илъэс 45-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ областым и тхакIуэ организацэр, ВЛКСМ-м и обкомыр, культурэм и областной Фондыр зэгурыIуащ художественнэ тхыгъэ нэхъыфIхэмкIэ литературнэ конкурс ирагъэкIуэкIыну. Абы къигъэув Iуэхугъуэнэхъыщхьэщтхыгъэр щIалэгъуалэм военно-патриотическэ, интернациональнэ, нравственнэ гъэсэныгъэ хэлъхьэным теухуауэ, идейно-художественнэ и лъэныкъуэкIэ, зэманым къызэригъэувым тегъэпсыхьауэ щытыныр.

Конкурсыр екIуэкIынущ 1990 гъэм ноябрым и 1-м нэс.

ШОРЭ Ахьмэд.

Черкесск къалэ.

НИГЕРИЕМ И ПРЕЗИДЕНТЫМ ЖИIАР

ЛАГОС, апрелым и 23-м. (ТАСС). Тхьэмахуэ махуэм дэс къулыкъущIэ гупым Нигерием къэрал властыр щыт-радзыну яIа мурадыр правительствэм и дзэхэм къызэ-паубыдащ. Ар щыжиIащ мы-бы шекIуэкIа пресс-конференцым республикэм и президент Ибрагим Бабангидэ. Властыр убыдын мурадым и къызэгъэпэщакIуэхэу щытахэщ майор нэхъыщхьэ зыхэмыт офицерхэр. Абыхэм я нэхъыбапIэр ягъэтIысащ. Къэралым и бий Iуэху зезыхьа псори мыгувэу суд пашхьэм къарагъэувануш.

Президентым илъэгъуакъым щыIэхэуэхэм щыгъуэ хэкIуэдахэм я бжыгъэ тэмэмыр, ауэ абыхэм яхэтщ къэралым и лIыщхьэм и адъютант подполковник Белло. И. Бабангидэ пщIэшхуэ хуищIащ дэс къулыкъущIэхэм, полицейскэхэм, къэралым шынагъуэ имыIэнымкIэ органхэм я лэжьакIуэхэм я хэхуагъэмрэ IакIуэлъакIуагъэмрэ икIи къызэрыдаIыгъым пащIэ щIыхуэхэм фIыщIэ яхуищIащ. Дипломатическэ корпусым и лIыкIуэхэмрэ Нигерием щыпсэу нэгъуэщI къэрал цIыхухэмрэ захуигъазэри жиIащ абыхэм я гъащIэмрэ я мылькумрэ щIытешыныхьын щымыIэу.

ЗАБАСТОВКЭХЭР ИДЖЫРИ ИРАГЪЭКIУЭКI

МАНАГУА, апрелым и 23-м. (ТАСС). ЩIыпIэм щыIэ политическэ кIэлъыплъакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, махуэ зыбжанэ хъуауэ Никарагуам къэрал предприятэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я рабочэхэм, къулыкъущIэхэм щрагъэкIуэкI забастовкэхэм къэралым и дежкIэ льэужьIей къагъэнэнкIэ хъунущ. А забастовкэхэм экономическэ хэщIыныгъэу нобэр къыздэсым доллар мелуан зыбжанэ и уасэ къахьащ. «Никарагуам и тхыдэм и кIуэцIкIэ экономикэм и къэрал секторым апхуэдиз зи инагъ стачкэ зэи къыщыхъуакъым»,— етх «Пренса» газетым.

Забастовкэ езыгъэкIуэкIхэм къагъэув коллективнэ лажьыгъэ зэгурыIуэныгъэхэм хэплъэжыну, къапщтэмэ, лажьапщIэм процент 200—300-кIэ хагъэхъуэну. Языныкъуэ IуэхущIапIэхэм абы къыдэкIуэуи къулыкъущIэхэм политическэ IуэхухэритI къыщаIэт, зауэр гъэувыIэным икIи контрасхэр зэбгрыутIыпщыкIыжыным теухуа зэгурыIуэныгъэхэу иджыблагъэ «Никарагуанскэ зыпэщIэсэныгъэм» и пашэхэм Iэ зытрадзахэр фIэкIыпIэ имыIэу гъэзэщIэн хуейуэ жаIэу.

Араущ, Европэм и картэм зэхъуэкIыныгъэхэр егъуэт, абы псалъэщIэхэр. иратхэ. Чехословакием и парламентыр тепсэлъыхьа нэужь, Федеральнэ зэIущIэм унафэ кIищтащ къэралым и цIэр зэхъуэкIыным теухууэ. Чехием цыпсэухэр абы дяпэкIэ Чехословакэ Федеративнэ РеспубликэкIэ, Словакием щыпсэур — Чехо-Словацкэ Федеративнэ РеспубликэкIэ еджэнущ. БзитIкIэ псалъэ лъэпкъхэр зэрыс къэралым и цIыхухэр зыхуейм ар зэрытещIыхьам и гугъу тщIынукъым. Дэ, дызытепсэлъыхьынур нэгъуэщIщ — къэралым япэм иIэу щыта цIэм «социалистическэ» псалъэр зэрыхагъэкIарщ. Ар республикэм щыпсэухэм зэрахуэфэщэнкIэ къалъытащ. Мазищ япэкIэ президент В. Гавел жиIауэ щытащ апхуэдэу ящIмэ зэрынэхъыфIыр. Абы цыгъуэ президентым къыхигъэщащ демократическэ къэралым и псэукIэр къэзыгъэлъагъуэ политическэ псалъэ гуэр и цIэм хэгъэхьэн зэрыхуэмейр.

Балканскэ полуостровым хъыбар къратыкIащ Болгарскэ коммунистическэ партым и Парт совет нэхъыщхьэм БКП-м и цIэр зэрихъуэкIыну мурад зэрищIам теухуауэ. Иджы абы Болгарскэ социалистическэ партцIэ йоджэ.

КъухьапIэ Европэм ис къэралхэм социалистическэ лагеркIэ еджэжыркъым. Ахэр псори зэщIыгъуу гъэзэщIэ теува хуэдэу къыщIохьу. Нэгъабэ и кIэухым Европэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэ инхэм яцыщи ГДР-м и СЕПГ-р япэ щIыкIэ СЕПГ — Демократическэ социализмэм и партy, итIанэ ауэ НДС-уэ зэрызэрахъуэкIар. Зы зэман ди союзэгъу пэжу щыта РКП-р щыIэжкъым. Венгерскэ Социалистическэ рабочэ партыр зэгуэкIри, политическэ лажьыгъэм хэкIыжащ. Ари ди къуэш партy щытащ. ПОРП-р Польшэ Республикэм и социал-демократиеу зэрахъуэкIащ.

Къалэхэм, площадхэм, уэрамхэм, метрополитенхэм я цIэхэр зэрахъуэжым ущIытепсэлъыхьын щыIэкъым. Абыхэм, зэрыжаIэу, зы сыхьэтым ящIри йожьэж.

КIуэрыкIуэм тету унафэ тращIыхь.

Iуэхум и тэмэмагъыр къэпщIэн щхьэкIэ ар нэгъуэщIым егъэпщэн хуейщ. Ди цIыхухэри пасэрей къалэхэм япэм иIэу щыта цIэхэр щыфIащыжынум нопльэ. Ауэ унафэщI инхэм абыхэм мызэ-мытIэу жраIащ ахъшэ куэд зэрытекIуэдэнум къыхэкIыу цIэхэр зэхъуэкIыжынир гугъу зэрыхъур.

Дауи, КхъухьапIэ Европэм абыхэм мылъку щытрагъэкIуадэри лажьыгъэу иращIэкIри нэхъ мащIэщ. Ар белджылыщ, Арщхьэкlэ зэхъуэкIыныгъэмрэ нахуагъэмрэ ди къэралым, дуней псом я дежкIэ Iэмал инхэр къызэIуахащ. Абыхэм я фIыщIэкIэ цIыхухэр кIуэдым щыгъуазэ хъуащ. Иджы абыхэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр ягъэув.

Дыгъуасэ къуэшыгъэкIэ забгъэдэта, дунейм и щIыпIэщхуэ зыубыд, дуней псом промышленнэ продукцэу щагъэхьазырым щыщ куэд къыщIэзыгъэкIыу щыта Языныкъуэ IуэхущIапIэхэм абы къыдэкIуэуи къулыкъущIэхэм политическэ IуэхухэритI къыщаIэт, зауэр гъэувыIэным икIи контрасхэр зэбгрыутIыпщыкIыжыным теухуа зэгурыIуэныгъэхэу иджыблагъэ «Никарагуанскэ зыпэщIэсэныгъэм» и пашэхэм Iэ зытрадзахэр фIэкIыпIэ имыIэу гъэзэщIэн хуейуэ жаIэу.

(ТАСС, апрелым и 23-м).

Кельнскэ институтым и лэжьакIэр

БОНН, апрелым и 23-м. (ТАСС). «Къапщытэн папщIэ уэ къебгъэхьа ерыскъыпхъэхэм радиоактивнэ е узыншагъэм дежкIэ зэраныгъэ къэзыхь нэгъуэщI вещество куэд халъу къыщIэкIакъым» — прикладной экологиемкIэ Кельнскэ институтым и лаборатором и анхуэдэ жауап къыпIэрыхьа нэужь утемыщыныхьу ерыскъыпхъэхэр къыщыщIэху хъунущ уэ кIуапIэ нэхъ ищхъэхуа тыкуэным е хадэхэкIэ пхъэщхьэмыщIэхэ къезыхьэлIэ икIи зышынсэу щIыпIэм сату щызыщI цIыхум и деж. Къэпщэху ерыскъыпхъэр зыхуэдэмкIэ шэч нищIымэ, маркэ 80 йотри анализ тэмэм пхурагъэкIуэкIынущ. Энгельберштрассе уэрамым тет унэ № 41-м щIэт а лабораторэм анхуэдэ заказхэр и мащIэкъым.

Чернобыль АЭС-р къэуа, дунейр уцIэпIа зэрыхъум тетыр» къупыкIын хуейуэ. Ченстохов щыщ делегат Ж. Рафальский къигъэлъэгъуащ «Солидарностым» хэт цIыху мелуани 2-м щыщу куэдым взносхэр зэрамытым зэрытегуэвыхыр. А щхьэусыгъуэм къыхэкIыу пэщIэдзэ организацэхэм я лэжьыгъэм гугъуехь инхэр къыщохъу.

Гданск щыщ делегат Б. Лис жиIащ профцентрым и зэхэлъыкIэр зэхъуэкIын, ар отраслевой лъабжьэм хуэгъэкIуэн зэрыхуейр. А къалэ дыдэм щыщ делегат К. Фридель къытеувыIащ профцентрым и идижырей унафэщIхэм я щыуагъэхэм, Абыхэм яцыщ зыщ «Солидарностыр» зэгуэкIыныр къэмыгъэхъуи зэрахуэзэфIэмыкIар, нэгъуэщI гупсысэкIэ зиIэхэр ягу зэрытрамыгъахуэр, цензурэр къэралым щыщымыIэж яцIами, «Солидарностым» къыдигъэкIхэм апхуэдэ кIэлъыплъыныгъэ зэраIэр. Делегатым къыхилъхьащ «Солидарностыр» и лъабжьэу политическэ партхэр къызэгъэпэщынымкIэ Iэмал ятын хуейуэ.

Къэралым и Iуэхухэмкlэ жэуап зыхь зэщIэхъеныгъэу «Солидарностыр» къилъытащ Варшавэ щыщ делегат З. Буяк.

Кельнскэ институтым и лэжьакIэр

БОНН, апрелым и 23-м. (ТАСС). «Къапщытэн папщIэ уэ къебгъэхьа ерыскъыпхъэхэм радиоактивнэ е узыншагъэм дежкIэ зэраныгъэ къэзыхь нэгъуэщI вещество куэд халъу къыщIэкIакъым» — прикладной экологиемкIэ Кельнскэ институтым и лаборатором и анхуэдэ жауап къыпIэрыхьа нэужь утемыщыныхьу ерыскъыпхъэхэр къыщыщIэху хъунущ уэ кIуапIэ нэхъ ищхъэхуа тыкуэным е хадэхэкIэ пхъэщхьэмыщIэхэ къезыхьэлIэ икIи зышынсэу щIыпIэм сату щызыщI цIыхум и деж. Къэпщэху ерыскъыпхъэр зыхуэдэмкIэ шэч нищIымэ, маркэ 80 йотри анализ тэмэм пхурагъэкIуэкIынущ. Энгельберштрассе уэрамым тет унэ № 41-м щIэт а лабораторэм анхуэдэ заказхэр и мащIэкъым.

Чернобыль АЭС-р къэуа, дунейр уцIэпIа зэрыхъум тетыр» къупыкIын хуейуэ. Ченстохов щыщ делегат Ж. Рафальский къигъэлъэгъуащ «Солидарностым» хэт цIыху мелуани 2-м щыщу куэдым взносхэр зэрамытым зэрытегуэвыхыр. А щхьэусыгъуэм къыхэкIыу пэщIэдзэ организацэхэм я лэжьыгъэм гугъуехь инхэр къыщохъу.

Гданск щыщ делегат Б. Лис жиIащ профцентрым и зэхэлъыкIэр зэхъуэкIын, ар отраслевой лъабжьэм хуэгъэкIуэн зэрыхуейр. А къалэ дыдэм щыщ делегат К. Фридель къытеувыIащ профцентрым и идижырей унафэщIхэм я щыуагъэхэм, Абыхэм яцыщ зыщ «Солидарностыр» зэгуэкIыныр къэмыгъэхъуи зэрахуэзэфIэмыкIар, нэгъуэщI гупсысэкIэ зиIэхэр ягу зэрытрамыгъахуэр, цензурэр къэралым щыщымыIэж яцIами, «Солидарностым» къыдигъэкIхэм апхуэдэ кIэлъыплъыныгъэ зэраIэр. Делегатым къыхилъхьащ «Солидарностыр» и лъабжьэу политическэ партхэр къызэгъэпэщынымкIэ Iэмал ятын хуейуэ.

Къэралым и Iуэхухэмкlэ жэуап зыхь зэщIэхъеныгъэу «Солидарностыр» къилъытащ Варшавэ щыщ делегат З. Буяк.

Иджы дауэ дедзэну?

Иджы дауэ дедзэну? Ар зэрыщызэращIылIар. Абы ахъшэу доллар мелард 12 иIэнущ. Банкым и къалэныр зытеухуауэ щытынур а щIыпIэм ис къэралхэм демократие щыгъэувынырщ, ахэр сатум тещIыхьа экономикэм хэгъэкIуэнырщ. ЗэрызэгурыIуамкIэ, а къэралхэм иратыну щIыхуэм и процент 60-р я щхьэ хуэлажьэхэм, процент 40-р — къэрал секторыр зыхуейхэм хуэузгъэувынущ.

Зэрыгурыуэгъуэщи, КъуэкIыпIэ Европэм иджыпсту къыщыхъу Iуэхухэр икIукIэ гугъущ. Iэджэуи зэщхьэщэкI, зэте х у э р к ъ ы м. Абыхэм я тэмэмагъыр зыубзыхунур зэманырщ. ИтIани псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ зиIэр къэралхэм, къалэхэм я цIыхэр зэрызэрахъуэкIыркъым, атIэ экономикэмрэ цIыхубэм я псэукIэмрэ къызэраIэтырщ. Къэралхэр зэрызэдэлажьэм зэрызэгурыIуэм зэрыхахъуэрщ. Шэч зыхэмылъыжыр зыщ — абыхэм иджыпсту зыубзыхуэ къалэнхэр къащехъуэлэнур Европэмрэ дуней псомрэ мамыру псэу нэужьмэщ.

ЯКОВЛЕВ Александр.
(ТАСС).

● Текіуэныгъэ иныр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэліэу

«Вэрокъуэм и щіалэхэр»

Ныбжьэгъу лъапіэхэ! Хэку зауэшхуэм Текіуэныгъэ иныр къызэрыщытхъэ илъэс 45-рэ щрикъур къоблагъэ. Шэч хэмылъу абы ирихьэліэу дэ, зауэм хэтахэм, куэд дигу къокіыж — зауэ гъуэгуанэ гугъухэр, зэхэуэ гуащіэхэр, ныбжьэгъу пэжхэр, ди командирхэр, ліыхъужьу текіуэныгъэм дихуэзыша сэлэтхэр.

Зэманыр макіуэ, Хэку зауэшхуэр щіыхуэ лъахъэнэр іуокіуэт, кіуэ пэтми абы хэтахэр нэхъ машіэ дохъу. Ащіэндэхунэ дэ, а къэнэжа машіэхэр, нэхъ быдэу дызэроубыд, нэхъыфіу дызэролъагъу, нэхъ гумащіэ дохъу, нэхъыбэрэ дызэрызэхуэзэным, нэхъыбэ дигу къызэрыдгъэкіыжыным ижь дитщ.

69-нэ стрелковэ дивизием хыхьэу щыта 120-нэ стрелковэ полкым офицеру хэтахэм ящыщу псауэ нобэ дыкъэнэжар тіу къудейщ — сэрэ си ныбжьэгъуфі, хуабжьу фіыуэ слъагъу Вэрокъуэ Пащтэ Матіэ и къуэмрэщ. Сэ а полкым и етіуанэ батальоным и командиру, Вэрокъуэр — абы хыхьэ ротэм и командиру дыщытащ.

Дэ Іэмал зэриіэкіэ дызэролъагъу, ауэ, хуабжьу си жагъуэ зэрыхъущи, кіэщікіэщіурэ дызэхуэзэркъым. Дызэрымылъагъуфурэ илъэсхэр щыдэкіи къоохъу. Абы къыхэкіыу си ныбжьэгъуфі, ліыхъужьу къыздэзыуа адыгэлі Вэрокъуэ Пащтэ Матіэ и къуэм къэблагъэ махуэшхуэмкіэ фи газетымкіэ гуапэ дыдэу сехъуэхъуну сыхуейт.

Сытым хуэдэу куэд си гум къэкіыжрэ сэ а адыгэ ліы хахуэм теухуауэ. Сыт хуэдэ зэхэуэ къэхъуами, абы и ротэр япэ итт. шапхъэт, щхьэмыгъазэт. Араущэ къыщіэдгъыит ротэм хэт зауэлі хэм «Вэрокъуэм и щіалэхэкіэ» щіеджэр.

Сэ Вэрокъуэм сригъусэу Варшавэ къышыщіэдзауэ Гданск нэс зауэ гъуэгуанэ щызэпысчаш. Шецини и пщхъэрэкіэ Одер и деж зауэр щызухаш. Мыпхуэдэ зы теплъэгъуэ фіыуэ сощіэж.

Бийм и быдапіэм ерыщу дебгъэрыкіуэрт. Зэхэуэ гуащіэм ротэм и командир Вэрокъуэ Пащтэ, и бгъэм шэ къытехуэри, уіэгъэ хьэлъэ хъуаш. Ар псынщіэу іуашри уіэгъэщым щіагъэгъуэлъхаш. Абы и піэкіэ нэгъуащі офицер ротэм и командиру ягъэуват. Пащтэ хуащіу щыта пщіэмрэ фіыуэ зэралъагъумрэ кърагъэлъагъуэу ротэм хэт зауэлІхэр итіанэ «Вэрокъуэм и щіалэкіэ» зэджэжырт. Нэхъыфі къэхъужу уіэгъэщым къызэрыщіэкіыжу Пащтэ и ротэм игъэзэжаш. Арат зыхуейр езы «Вэрокъуэм и щіалэхэри».

Вэрокъуэр зэрыхахуэр сэ мызэ-мытіэу си нэгу щіэкіащ. Шварце-Эльстер псым дызэпрыкіыу биим и быдапіэр кэтщтэн хуейт. Псым дыхэкіа къудейуэ зы нэмыцэ и іэщэр къыстриубыдащ. Ауэ абы и кіакхъур щіичыну хунэмысу Пащтэ и Іэрыхуагъэкіэ япэ ищри ар хигъэщіащ.

Дэ куэд дыхъурт, лъэпкъ куэдым дыкъэзыухъэкіами, ныбжьыкіэ дызэхуэмыдэми псори зы анэм къилъхуам хуэдэу дызэрылъагъурт. Бийр хэдгъэщіэн папщіэ псори зы Іэштіыму дызэрыіыгът. Дэ къытхэттэкъым Хэкум папщіэ зи гъащіэр зымытын. Икіи куэдым я псэр зэуапіэм щанащ. Дэ текіуэныгъэм и гуфіэгъуэри здэтіэтырт, гуауэри здэдгуэшырт, щіакхъуэ іыхьэр зыщридгъэкъуи зы цей кіапэр щызытетпіэри машіэтэкъым. А псоми къуэш дызэхуащіащ. Абы щыгъуэ къуэш схуэхъуахэм ящышщ Налшык щыпсэу Вэрокъуэ Пащтэ Матіэ и къуэри.

Сэ хуабжьу сыхуейщ а си къуэшыр слъагъуну. Мурад быдэу сиіэщ ар щыпсэу Налшык сыпэкіуэну. Ар схуэфіэмыкіэ, редакцэм хуабжьу сыныволъэіу зауэм къуэш схуищіа Вэрокъуэ Пащтэ Матіэ и къуэм Текіуэныгъэм и махуэмкіэ фыслъхуехъуэхъужыну, езым и унагъуэми узыншагъэ быдэ яіэну сызэригуапэр схуажефіэжыну.

ДМИТРЕВСКИЙ Семен.
Химки къалэ.

* * *

Дмитревский Семен Михайлович, батальоным и командиру 69-нэ стрелковэ дивизием хэтащ. Зауэм иужькіэ Семен Михайлович щалъхуа Ленинград игъэзэжащ. Куэд дэмыкіыу ар щіэтыслхьаш Мэз академием. Ар къуухри мэз хозяйствэм и Іэнатіэхэм къулыкъу дзмылъужьыгъуэхэр къыщрихьэкіащ. Иужькіэ абы аспирантурэр кіуухащ, щіэныгъэхэм я кандидат, итіанэ доктор хъуащ, профессор цІэри къыфіащащ. Мэз академием и проректор къудыкъури иІыгъащ. Мы зэманым Химки къалэм щопсэу. Щхьэгъусэ, бын иІэщ.

Сурэтым: Дмитревский Семен Михайловичщ.

ЦІЫКІУМ КЪЫЩЕЖЬЭУ ИНЫМ ХУЭКІУЭУ

Мы гъэм театр-студие «Ковригыр» илъэс ирикъуащ. А зэман кІэщІым ди республикэм щыщу театр фІыуэ зылъагъуэхэм щІагъуэ къэнауэ къыщІэкІыныкъым абы щагъэува спектакль емыплъарэ ар зигу иримыхьарэ. ІІсоми гуапэ ящыхъуащ апхуэдэ театр гъэщІэгъуэн Налшык къызэрыдэхъуар. Зи цІэ куэдрэ ираІуэ «Ковригыр» къызэзыгъэпэщыжа режиссер Дзутдагов Казбек зыхуэзгъэзэри сепсэлъыліащ:

— **Япэрауэ, Казбек, сынохъуэхъу, фи театрыр илъэс зэрырикъуам папщіэ.**

— Берычэт бесын.

— **Етіуанэрауэ, зэхъуэкІыныгъэм и шыкуркІэ, щхьэж и гурылъымрэ и гукъеуэмрэ мышынэу жиІэну хуит хъуащи, си гуапэт, абы дытету, ди псалъэмакъри едгъэкІуэкІатэмэ.**

— Сыарэзыщ. КъехьэкІнехьэкІ лъэпкъ зыхэмылъ псалъэмакъыр сэри си гуапэщ.

— **АтІэ кІыхьлІыхь зедмыгъэщІу, занщІэу щІэздзэнщи, уэ уи театр къыззбгъэлэщыжыным дауэ ухуэкІуа?**

— Ар занщІэу си щхьэ кънхьакъым. Илъэс 15 ипэкІэ, еджапІэ нэхъыщхьэр къэзухри, Налшык М. Горькэм и цІэкІэ щыІэ урыс театрым сыщылэжьну сыкъэкІуат. Абы щыгъуэ си щІэщыгъуэщхуэти, си гугъэт куэд згъэхъуну, спектакль згъэувхэмкІэ дунейр зэзгъэдзэкІыну. Арщхьэкіэ театр сыкъызэдкІуам блыщджабэу сыщыІуащ сигу къэмыкІа Іуэхугъуэхэм. Ар блэкІа Іуэхущи, сытепсэлъыхьыжынуи сыхуеижкъым, ауэ, пэжыр жысІэнщи, а зэманыр сигу къэкІыжыху, си лъыр къоплъ.

— **Нэхъ гурыІуэгъуэу жыпІатэмэ...**

— Си щІалагъэ-гуащІагъэр схураудыхырт. А зэманым ирихьэліэу абы режиссерым и къуэдзэу ущылэжьащи, уэри пщІэжын хуейщ ар.

— **СощІэж, ауэ уэ жыпІэжатэмэ, нэхъ къэсптэнут.**

— Сэ сызыхуей спектакль сагъэгъэувыртэкъым. Унафэщіхэм езгъэлъагъу пьесэхэр къащтэн щхьэкІэ куэд сыпхыкІыи хуейт. Къыщамыщтэри нэхъыбэти, арат схуэмыхьыр.

— **А театрым ущыІэху сыт хуэдэ спектаклхэр огъэува?**

— Япэ дыдэу дипломым и пэ къихуэу, Лондон и «Девушка любит меня» жыхуиІэр...

— **Джек Лондон пьесэ итхму щыта-тІэ?**

— Хьэуэ, ар зытхар нэгъуащІ Лондоныр, англыз драматургщ. Си диплом лэжьыгъэу щытар «Иванов» пьесэрщ, Чеховым ейр. ИтІанэ Булгаковым и «Мольер». Ахэращ къызэрыщІэзгъэзыкІуат. Абы щыгъуэ си щІэщыгъуэщхуэти, си гугъэт куэд згъэхъуну, спектакль згъэувхэмкІэ дунейр зэзгъэдзэкІыну. Арщхьэкіэ театр сыкъызэдкІуам блыщджабэу сыщыІуащ сигу къэмыкІа Іуэхугъуэхэм. Ар блэкІа Іуэхущи, сытепсэлъыхьыжынуи сыхуеижкъым, ауэ, пэжыр жысІэнщи, а зэманыр сигу къэкІыжыху, си лъыр къоплъ.

— **Нэхъ гурыІуэгъуэу жыпІатэмэ...**

— Си щІалагъэ-гуащІагъэр схураудыхырт. А зэманым ирихьэліэу абы режиссерым и къуэдзэу ущылэжьащи, уэри пщІэжын хуейщ ар.

— **СощІэж, ауэ уэ жыпІэжатэмэ, нэхъ къэсптэнут.**

— Сэ сызыхуей спектакль сагъэгъэувыртэкъым. УнафэщІ

САБИЙ ЗЕИНШЭХЭМ ГУЩIЭГЪУ ЯХУЭФЩI

Нужьрей зэманым щIэхъуэхъуэ газетхэм къытехуэ, рагонкIэ къат хъуащ сабий зеиншэхэр гущIэгъу зыхэлъ, псэ хьэлэл зиIэ балигъхэм яплыну къызэраштэм теухуауэ. Гуапэт, а цIыху щхьэхуэхэм я мызакъуэу, предприятэхэри, IуэхущIапIэхэри, нэгъуэщI лажьапIэ IэнатIэхэри мы Iуэхум къыхихьамэ. Ар къэлъытэри, нэгъабэ и ноябрым страхованкIэ лIужьыгъуэщIэ кърагъэжьащ. Абы ипкъ иткIэ лажьакIуэ гупхэр зэхыхьэу сабий унэхэм, интернатхэм щалыгъ цIыкIухэм страхованкIэр хуат хъунущ.

Абы папщIэ апхуэдэ жэрдэм зыщIэ лажьакIуэ гупым и цIэкIэ лъэIу тхылъыр ятхын хуейщ, щапхъэ ягъэувам тету. А лъэIу тхылъыр ират лажьапIэ IэнатIэр, е къэлъэIуахэр щыпсэу щIыпIэр зыхъхьэм страхованэмкIэ щыIэ инспекцэм.

Апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэр сабий унэхэм, еджапIэ интернатхэм щалыгъхэу зи ныбжьыр зы илъэсым къыщыщIэдзауэ илъэс 15 хъухэм папщIэ зэрарухылIэ.

Сыт хуэдэ ли гущIэгъу хуэныкъуэ а сабийхэр? Ахэр зеиншэхэрщ, адэ-анэу щытынымкIэ хуитыныгъэр зыIахахэм, къилъхуар зыпIыжыну зыхуэзфIэмыкIыну къалъытэхэм я бынхэрщ, нэгъуэщIхэу дэIэпыкъуэгъуншэу къэнахэрщ. Сабийхэм апхуэдэ гулъытэ нэгъуэщIым къыхуищIыну хуэмеинкIэ мэхъу ахэр щалыгъ интернатхэм, нэгъуэщI Iуэхущlапlэхэм я унафэщIхэр. Хабзэ щыIэмкIэ абыхэм я арэзыныгъэр IэмалынIуэу щыткъым. Зэгурыlуэныгъэр зэрызэрухылIа пIалъэр щичыхьэ прихьылIэн хуейщ сабийм и ныбжьыр илъэс 18 щрикъум. Страхованэм сабийхэм папщIэ ират ахъшэр сом 200-м, 300-м, 500-м, 1.000-м нэс хъунущ.

СтрахованэмкIэ щыхьэт тхылъыр яхъумэ сабийм теухуауэ щыIэ нэгъуэщI документ псоми щыIыгъуу. Абы и ныбжьыр илъэс 18-м нэсауэ, а тхылъыр ахъшэр зытауэ щытам е езы сабийм къратыжынущ. Зэгурыlуэныгъэм кърару щигъуэтыр ахъшэр ята нэужьщ.

Ленинym и цIэкIэ щыIэ Советскэ сабий фондым и республикэнскэ отделенэм гущIэгъу зыхэлъ цIыхум, сабийм апхуэдэу гу лъызытам фIыщIэ хуещI, фаеплъ дамыгъи ирет. Сабий ахъшэ зыхухилъхьам и ныбжьыр илъэс 18 зэрыхъуу, езым къратыжынущ и цIэкIэ халъхьа псори зэуIуу.

Зэухылlэныгъэр еух лъэIу тхылъым къыщыгъэлъэгъуа пIалъэр и кIэм нэсмэ, е сабийр лIэмэ. Зэухылlэныгъэр лажьакIуэ коллективхэм иращIылIауэ сабийр лIэ хъумэ, халъхьа ахъшэр страхованэмкIэ къэрал инспекцэм Ленинym и цIэкIэ щыIэ Советскэ сабий фондым и отделенэм и счет № 707-м хурегъэхьыж. Зэухылlэныгъэр цIыху щхьэхуэхэм иращIылIауэ сабийр лIамэ, ахъшэр зытар илъэсищкIэ хуитщ а хилъхьар къыхихыжыну е нэгъуэщI сабий къыхихыу, щIэрыщIыу щыхьэт тхылъ зэригъэпэщыжыну.

А ягъэувам пIалъэр зэрихыу, ахъшэр Советскэ сабий фондым и отделенэм и счет № 707-м къыхурагъэхьыж.

Ленинym и цIэкIэ щыIэ Советскэ сабий фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм щыпсэухэм захуегъазэ: «Ныбжьэгъухэ! Сабий зеиншэхэм гущIэгъу хуэфIщIынумэ, Къэрал страхованэм и Iуэхухьэбзэр къэвгъэсэбэп. Сабий зеиншэхэр — гущIэгъум дыкъыхуезыджэ, псоми ди зэхуэдэ уэщ. Ди гугъэщ куэд къыфхэту хьэлэлагъым, гущIэгъум тепсэлъыхь мыхъуу, ар илэжьу».

Гуащlэрыпсэу коллективым зэухылlэныгъэр щрищIылIэкIэ, зы сабийм лъысу ахъшэ мащIэ дыдэущ ар къызэрыщыхъунур, ауэ езы сабийм дежкIэ дэIэпыкъуэгъу иищ.

Сабий зеиншэхэм дэIэпыкъуну хуей псоми фи упщIэхэмкIэ зыхуэзгъазэ республикэм и районхэм Къэрал страхованэм и инспекцэм, налшыкдэсхэм — Ленинym и цIэкIэ щыIэ Советскэ сабий фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр отделенэм, телефонхэр: 7-41-05.

БЖЭНЫКIЭ Эммэ,

Ленинym и цIэкIэ щыIэ Советскэ сабий фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр отделенэм и инспектор нэхъыжь.

— А театрым ущыIэху сыт хуэдэ спектаклхэр оГъэува?

— Апэ дыдэу дипломым и пэ къихуэу, Лондон и «Девушка любит меня» жыхуиIэр...

— Джек Лондон пьесэ итхыу щыта-тIэ?

— Хьэуэ, ар зытхар нэгъуэщI Лондонщ, англыIыз драматургщ. Си диплом лэжьыгъэу щытар «Иванов» пьесэрщ, Чеховым сыр. ИтIанэ Булгаковым и «Мольер». Ахэращ къызэрыщIэздзар. НужькIэ абы щыгъэуващ спектакль 27-рэ.

— Нэхъ къохъулIауэ къэплъытэхэр къыджеIэт.

— Розовым еиуэ «Четыре капли», «Ситуация» пьеситIыр. Распутин еиуэ «Живи и помни», Шукшин — «Точка зрения», Лобозеров — «По соседству мы живем», Лунинрэ Грековэмрэ зэдатха «Вдовий пароход», нэгъуэщIхэри.

— Сабийхэм папщIэ бгъэувахэм я гугъу щIыпкъэ къыми, ахэр къомыхъулIауэ убжу ара?

— Хьэуэ, хьэуэ, сабийхэм хуабжьу ягу ирихьащ езгъэлъэгъуа спектаклхэр.

— Псалъэм щхьэкIэ?..

— Псалъэм щхьэкIэ, «Малыш и Карлсон» Линдгрен еиуэ. «Печка на колесе» Семеновэ Нинэ итхауэ, итIанэ, Александровым еиуэ «Шишок», «Сказка о четырех смельчаках» жыхуиIэри.

— Зы зэман, сощIэж, ЩоджэнцIыкIум и цIэкIэ щыIэ театрым балъкъэр гупым уадэлэжьауэ. Абы укIуэныр сыт къызыхэкIар? Урыс театрым щыIэ унафэщIхэм уагурымыIууэ ара?

— Iуэхум ари хэлът, ауэ нэхъыбэу министерствэр къызэлъэIуати, згъэщIэхъуакъым. ТеатритIым щIэщыгъуэ гуэрхэр халъхьэн жыIэрыпсэр. Махуэ гуэрым театрым сраджащ... Артистхэр, Тепляков къыдэщIхэм къищIэмыщIауэ. псоми сэ театрым и режиссер нэхъыщхьэу сыкъыхахыну къауат, ауэ ищхьэIуэмкIэ щыIэхэм Тепляков къыхахащ, сэ сригъуанэ режиссеру. Унафэр абуэдэу щашIым, сэри абы сыдэлэжьэнукъым жысIэри, театрым къыщIэзгъэзыкIащ.

— Сытыт Тепляков удэлэжьну ущыхуэмейр?

— Абы щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIащ.

— НтIэ, абдежым къыщыщIадзауэ, ун театр къызэбгъэпэщыжыну нужь унхьащ, ара?

— Хьэуэ, абы щыгъуэми си пщIыхьэпIи къэкIыртэкъым. Мазэ бжыгъэ дэкIауэ, а гупсысэм сытезыгъэхьар си ныбжьэгъу, щIалэгъуалэ центрым и директор Пащты Борисщ. Театрым си лъэныкъуэу щытахэм а гупсысэр щызэхахым, нэхърэ сытрагъэхьэу щIадзащ. Мис итIанэщ а Iуэхум си фIэщу сыщыпэрыхьар.

Апэ дыдэу театрым къыхэкIыжу си деж къэкIуар Хьэмыкъуэ Русланрэ и щхьэгъусэ Валгасовэ Заремэрэщ. НужькIэ Одинцовэ Ирэ, Панкратовэ Таня, Ишмухамедов Ренат, Карнаухов Таня, Тубай Рае сымэщ. Илъэс псокIэ ахъщи къэдмылэжьу театрым и къызэгъэпэщыным иужь дитащ.

Нэгъабэ апрелым и пэ махуэм хуэзэу апэ дыдэу щIыхуэм едгъэлъэгъуащ ди спектаклыр, французыр драматург Ануй Ж. и «Генералы в юбках» жыхуиIэ пьесэм къытетщIыкIар. Критикхэр, театроведхэр хэту, абы кърихьэлIащ Москва къикIа комиссэхэр. Ди япэ спектаклыр хьэщIэхэм ягу ирихьащ, нужькIэ центральпа спектакль игъэлъагъуэу щIадзащ. Фэ фи спектаклхэм къапэкIуэ ахъшэр къыфхуонэжри, фышынэркъэ, гъэзу щIантхъуэрыгъуэ фытехьэнкIэ?

— ПщIыр сыткIэ щхьэпэ, идкы ди артистхэм. Налшык дэт театрхэм я артистхэм едгъотауэ, тIу-щыкIэ нэхъыбэ къэдлэжь хъуащ, диплом нэхъыбэж къэдгъэжьыну догугъэ. Ауэ абы щхьэкIэ дэ щынагъэ диIэкъым дбзыгъет гъэзугум дыкъытекIыну. ГъэсэныгъэкIэ и лъэныкъуэкIэ спектакль куцIэнщхэр дэ зэи дымыгъэувыну араш.

— Ди къалэм видеосалон дэтхэм щхьэкIэ сыт жыпIэфын?

— Абы щхьэкIэ жысIэнур зыщI: ахэр къызэIуахыну хунт зыщIар хуабжьу щыуащ.

— Сыту?

— Программэр щызэхалъхьэм, апхуэдэ дыдэу ди щIалэгъуалэм къыхуракIутын хуеякъым игъащIэм ямылъэгъуа теплъэгъуэхэр зыхэт кинофильмхэр. ЦIыхур зэрагъасэр цIыкIум къыщежьэу иным хуэкIуэущ. Зэдзэкlауэ пщIымэ, гъэсэныгъэр мэкъутэ. Зэхэщlыкlыр нэхъ лъахъшэ мэхъу. Псалъэм щхьэкIэ, дуней псом щыцIэрыIуэ, лъагъуныгъэм, дахагъэм я тхьэ Венерэ скульптурэр дивилизацэр здынэмыса къуажэ пхыдза гуэрым дэгъэуви, абы дэсхэм ар къазэрыщыхъунур, икIагъэ къыхужаIэу, цIыхубз пщIанэ къудейуэщ. Апхуэдэ къэмыхъун щхьэкIэ, цIыхур дахагъэм хуегъэджэн, умыпIащIэу хуэпшэн хуейщ. Мис итIанэщ а дахагъэр абы къыщыгурыIуэнур. Армыхъумэ, мы ди видео салонхэм ехьэлIауэ жысIэнщи, апхуэдэ гъэсэныгъэ зэдэкIам цIыхур икIагъэм хуишэнущ.

— Фэ фи театрым къеуIэпхыну гугъукъэ?

— Дауи, гугъущ, ауэ солажьэ. Актерхэр къызэгопыкъу. ИтIанэ, сызыхуей цIыху зэгъэтырикъым а лэжьыгъэхэр зыхьын. ХьхьэкIэ зиIэ, блынджабэм пхыкIыф директор диIэн хуейщи, «къыщыщIэттIыкIыным» догупсыс. Пэжщ, а IэпатIэр зиIэ директорым нэмыщI, ауэ сызыщыгугъыр гастроль сежьауэ къэтщ, къэкIуэжмэ, къызэкIэнур сщIэркъым.

—Казбек, фи театрым зыщIыпIи щызмылъэгъуауэ Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн щокIуэкI. Зи гугъу сщIыр, унагъуэ гуэрым хьэщIапIэ къэкIуа пэхъуей, спектакль пэжыжьым театреплъхэр шей евгъафэу, ялъэгъуар къаззрыщыхъуам фытепсэлъыхьыжу фызэрызэхэсыжырщ.

— Ар икъукIэ сэбэпыщхуэ къытхуохъу. Уэ зэрыплъэгъуащи, спектаклыр ияха нэужь, цIыхур зэбгрыкIыжыркъым. Актерхэри театреплъхэри дызэахохьэжри, спектаклым дытопсэлъыхьыж.

— КIэщIу жыпIэмэ, театреплъыр фи критикщ?

— Ардыдэрщ. Ныкъусанигъэ гуэрхэм гу лъыдагъэтамэ, ар зэрызэдгъэзэхуэжным нужь дитщ. Абыхэм псалъэ пэж, псалъэ гуапэ къыджаIэхэм дагъэгушхуэри, Iэпэдэгъэлэл хэмыту, лэжьыгъэм ди фIэщу дыпэрытщ. Абы ипкъ иткIэ ди творческэ зэфIэкIыми кIуэ пэтми къыхохъуэ.

— ЩоджэнцIыкIум и цIэкIэ щыIэ театрым дауэ ухущыт?

Казбек сымэ я лэжьыгъэфIым Москвакlи гу къыщылъатащ. Къалащхьэм и театрхэм щылажьэхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм режиссер отделенэм щIэсхэмрэ ди дежкIэ къэкIуэнурэ, а лажьэкIэфIым щыгъуазэ защIынущ. Театр лэжьакIуэхэм я союзымрэ ди студием и лэжьакIуэхэмрэ абыкIэ зэгурыIуащ.

ХЬЭТУ Петр.

Редакторыр МЭЗЫХЬЭ Борисщ.

«Хъыджэбз цIыкIу щэхухэр»

Тезыхар ЩОМАХУЭ Владимирщ.

ТВ

Апрелым и 25

Япэ программэ. 6.30 — «Дакъикъи 120-рэ». 8.35 — «Дуней псом и сабийхэм я уэрэдхэр зытеухуар». 9.20— хоккей. Дунеим и чемпионат. Чехословакиемрэ СССР-мрэ я командэ къыхэхахэр. 11.20 — документальнэ фильм. 11.55— «Лэгъупыкъу». 12.30 — Зэман. ХъыбарыщlэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 15.30 — хъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 15.45 — концерт. 16.10 — компьютерым теухуауэ. 16.55 — документальнэ фильм. 17.30 — сабийхэм хухаха сыхьэт. 18.30 — Зэман. Хъыбарыщlэхэмкlэ телевизионнэ службэ. 19.00 — «Властыр — Советхэм». Грузием щыIэ политическэ щытыкIэр. 19.30 — «Кинопанорамэ». 21.00 — Зэман. Хъыбарыщlэхэмкlэ телевизионнэ службэ. 21.30 — коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбарегъащIэ). 21.35 — футбол. Ирландиемрэ СССР-мрэ я командэ къыхэхахэр. Ныбжьэгъугъэ зэIущIэ. Ирландием къратыкI. 22.25 — мыхьэнэшхуэ зыпылъ псалъэмакъ. 22.35 — футбол. Ирландиемрэ СССР-мрэ я командэ къыхэхахэр. Ныбжьэгъугъэ зэIущIэ. Ирландием къратыкI. 23.25 — концерт. 23.50 — хъыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ.

Етlуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15— документальнэ фильм. 8.35, 9.35 — физикэ. 9-нэ класс. 9.05, 10.05 — нэмыцэбзэ. 10.35, 11.35 — музыкэ. 5-нэ класс. 11.05 — щIэныгъэ-популярнэ фильм. 12.05 — документальнэ фильм. 12.30 — Рюминэ Л. уэрэд жеIэ. 13.10 — етIуанэу ягъэлъагъуэ фильм и махуэ сеанс. «Странный брак». Ещанэ, еплIанэ сериехэр. 18.00 — СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и сессием. Ар щызэпагъэум (20.00) — нэхулъэфI фыкъикI, цIыкIухэI

ЩIыпIэ программэ. 15.30 — «Къуажэдэс щIалэгъуалэм я Iуэхущlафэхэр». Зенкъуэ къу. (адыгэбзэкIэ). 16.00 — щIэныгъэ-популярнэ фильм. 16.10 — КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Гергоковэ Т. уэрэд жеIэ (балъкъэрыбзэкIэ). 16.40 —«Унагъуэ насып» (адыгэбзэкIэ). 17.30 — «Республикэм и махуэ».

Р

Апрелым и 25

7.30—7.35 — газетым итххэр. 7.45—8.00 — КъБАССР-м и Гостелерадиом и инструментальнэ ансамблым и концерт. 17.15 — хъыбарыщIэхэр. 17.30 — «Iуащхьэмахуэ» журналым и зи чэзу къыдэкIыгъуэм итххэр. 17.45 — адыгей музыкэм и концерт. 18.15— 18.25 — «Инэмыкъуэ». Нэхъыщlэ цIыкIухэм папщIэ.

ДИ ХЭЩIАПIЭР: 360000, Налшык къалэ, Ленинym и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епIIанэ къат.



ТЕЛЕФОНХЭР:
редакторым — 2-21-64
приемнэм — 2-22-89
редакторым и заместителхэм — 2-22-81, 2-21-86
ответственнэ секретарым — 2-22-82
секретариаты... — 2-26-41, — 2-85-49

ОТДЕЛХЭР:
парт лэжьыгъэмкIэ — 2-22-66, — 7-32-15
идеологиемкIэ — 2-60-53, — 2-21-83
экономикэмкIэ — 2-57-59, — 7-22-63
социальнэ Iуэхухэмкlэ — 2-22-86, — 7-31-54
культурэмкIэ — 2-22-83, — 7-31-69
хъыбарыщIэхэмкIэ — 7-31-57
письмохэмкIэ — 2-68-31
жэщ редакцэм — 2-63-64
корректорхэм — 2-60-27
газет цехым — 2-35-60

КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и издательствэ

Ч 00606 Заказ № 3485